

№6 (75) июнь 2009 с.



Ассаламу гIалайкум!

# Сугъралъ

## Августалда руссина росулъе




**8-9 аб. августалда (суббота-воскресенье) Сугъралъ росулъ тIобитIизе буго гIатIидаб спорталъулгун музыкалияб рахъ жанибе бачараб тадбир (Росдал къо – ГIолохъанаб гIелалъул къо).**

*ХIисабалде босун буго гьелъул гьадинаб программа: 8-аб. къоялъ радал сагIат 10:30-ялда школалда байбихьизе буго гьелъул официалияб бутIа – къокъалго кIалъаял, нилъер гIумрумагIишаталъул цо-цо баянал рехсей, цIалул ва спорталъул церехъаби кIодо гьари ва гь.ц. Хадуб росдал детсадалъул хIалтIухъабаз ва гьитIичаз рихьизаризе руго жидерго музыкалиял гьунарал, цоги номерал.*

*Гьелда хадур ине руго умумузул кучIдул ахIиялъул, умумузул кьурди бихьизабиялъул, тIамур ва мандолина бачиялъул конкурсал. Цинги ина спортивиял къецал – спорталъул хIисабалде росарал тайпабазул (волейбол, футбол, тункIидасан кьвагьи, армрестлинг, эркенаб гугари, гамачI рехи, ядро тунки, хIажалъиялда рекъон цогидалги) цо бутIа.*

*Къаси сагIат 9-ялда школалъул майданалда тIобитIила концерт, гьелда цадахъ рачине руго нилъер росдада хурхарал конкурсалги. 9 августалда, радал сагIат 10:30-ялда добго школалда байбихьила цебесеб къоялда тIуран лъугIичIел спорталъул тайпаби, гьелда цадахъ рукIина музыкалиял номералги. Къаси сагIат 9-ялда нахъеги школалъул майданалда тIобитIизе буго концерт, добго къагIидаялда викторинабиги. Гьелдалъун лъугIизе ккола байрамалъул программаги.*

*Гьаниб гIоларо абичIого – киназдаго лъала гьел къоязда МахIачхъалаялда рукIин нилъер росуцоязул бертабиги. ТIокIаб батIияб рес ва заман гьечIолъиялъ ккана исана кIиябго цадахъ. Росдал къоги нилъер буго, бертабиги нилъер руго, кIиябго нухда тIамизеги нилъеда тIадаб буго.*

***P.S.*** *ТIоцебе: батIияб сабаб, хазина ва щвезе бакI гьелъие гьечIо – буго хьул росулъ тIобитIулеб тадбиралъе бажарарас бажарараб квербакъи гьабилин абураб, гIахьаллъиялъул рахъалъ батаниги, гъурщил рахъалъ батаниги, призазул рахъалъ батаниги.*

*КIиабизе: бокьилаан мархьулазул къоял, цадахъ хIалтIаразул, цадахъ цIалаоразул ва гь.ц. данделъаби тIоритIулез гьел 8-9 августалда ялъуни гьел къоязда сверухъ хIисабалде росизе.*

*Баркала.*

***МухIканал баянал щвела гьаб телефоналде ахIун: 8-928-251-23-05 (ГIабаш).***

## Гьаб номералда цIале



### Маслиат. Что было и чего не было?

СТР. 4



### Гьаб классалъ багIаризабуна

4 ГЬУМ.



### ЛъикIаб хIай, дагъал чи

8-9 ГЬУРМ.

# Къур'ан малъиялъул курсал

*Исанаги росулъ мажгиталда (кидаго риидал рукIунел гIадин) гIуцIулел руго Къур'ан малъиялъул курсал, хасго росулъ рукIунарел, шагьаралдаса лъималазда тIадчIейги гьабун. ГьитIиназда цадахъ бокьани чIахIиялги рачIине бегьула гьенире.*

*Кидаго гIадин лагерь гьабиялъул суалги буго, гьелъул баян кьела хадуб. Лагерь гьабизе яхI бахъизе буго Агъаев Мухтар гьечIин абун течIого.*

МажгиталъулсоветалъулхIукму, имамастасдикъгьабураб

# КъачIазе буго мажгит

*КъачIазе буго НакIкIазух росулъ бугеб мажгит. ГьабсагIаталда данде гьабулеб буго кинабго хIажатаб. ГIарцул кумек гьабизе бокьараз гьеб щвезабизе бегьула нилъер колхозалъул минаялде (Сагитова Ларисахъе).*

*Киналго баянал щвела гьаб тел. кIалъан: 8-928-950-77-73, Сагитов (ГIалигъаличил) МухIамад.*

# Сайпудинил гьари

*Гьал байрамалъул къояз МитIлиб тараб дир машинаялъул номералги рахъун, матIубиги тIаса тIун ун ратана. Цере ралел номерал хадур гъотIода тIад ратана. Лъаларо дир машинаялъ гьабураб зарал щиб бугебали. Дица гьабураб зарал батани бецIилаан. Дие бокьун гьечIо лъилгунго кьалги, ракIбакъиги бокьун гьечIо. Бокьилаан гьел номерал дихъе щвезаруни. Гьел мажгиталде щвезарун танири бегьила.*

*Машина тIутIулел чагIи рихьарал гIадамалги руго. Амма гьез цIарал рицинчIо, жал сабаблъун кьал ккезе бокьун гьечIилан абун. Кинниги номерал нахъруссинаричIони цIаралги рицинин рагIи кьуна. Диего гьел цIарал лъачIониги ургъел гьечIо, номерал нахъе щвани. Росулъ кьал-хъат букIинегIан дица киналго тIаса лъугьун тела Аллагьасе гIоло. Гьезие питна бокьун батаниги дие бокьун гьечIо. ГьалатIал ккечIев чи, хасго гIолохъанаб заманалда, дунги гурелъул, дун тIаса лъугьарав вуго.*

ГьабхасабгьаригунросулъцохIовугев Сайпудин.

# Кумек хIажат буго



*ИццгухIда хIамам букIараб бакIалда тIад балеб буго Сугъралъе зияраталъ рачIарал гIадамазул къваригIелал тIуразе, каки чуризе, хIухьбахъи гьабизе бакI. Росулъе щвараздa бихьунги батила, гьелъул къадал бащдал эхетун руго. Амма хIалтIи цебехун бачиналъе къваригIун буго хехаб кумек. Гьелъул хIакъалъулъ ЖамгIияб советалъул ахирисеб данделъиялда бицана* ***НухIулов МухIамадица.***

*Гьенибго бицана гьеб бакI бан лъугIизабиялъул бугеб кIваралъул. Нилъер росулъе цIакъ гIемерал чагIи рачIуна зияраталъ. Амма росулъ гьечIо гьезие гIурал шартIал. Гьелда бараб букIуна росдаеги росдал гIадамазеги гьалбадерица кьолеб къимат. РукIун руго гьеб бакI базе кумек гьабизе хIадурал къватIиса чагIиги, амма гьездаса гIарац босун гьечIо, щайгурелъул нилъер гIадаб росдаца гьеб иш чияде рехун тезе бегьуларин абун.*

*Гьеб бакIалда гIарац харж гьабизе ният ккарав чияс гьеб щвезабизе бегьула НухIулов МухIамадихъе (тIоцебесеб МахIачхъала, Шабановасул къватI, 18). Гьесул телефон буго 8-906-449 91-59.*

## цццццццц!

*Киналго нилъер медицинаялъул хIалтIухъабазда гьезул кIудияб Байрам – медицинаялъул хIалтIухъабазул къо.*

*Парахатго унеб гIумруялда, щулияб сахлъиялда ругеб лахIзаталда нуж гIемер рихьуларо. Кида нуж ракIалде щолел? ЩвечIого рес гьечIеб мехалъ. Унтабаз, гIузрабаз кIоркIизе байбихьарабго. Гали тIамизе бажаруларого бусада лъурабго. Килищ къотIун би баккарабго, ца унтун рахIат хварабго. Чехь унтун тIагIам бахъарабго. Кванaзе кIоларого, кванараб хIехьезе кIоларого хутIарал минутаз. Бокьараб гьабизе, тIадаб тIубазе къуват гIолареб мехалъ. Къвал базецин гуреб, йокьулей чIужугIаданалъул рахъалъ балагьизе хIал гьечIого ккедал. Макьо щоларого, щвараб лъугIуларого, бидул цуй тIаде иналъ бизар гьарун, гIодобе иналъ чара къосизабун, онодалъ ккун, канцIцIи дагьлъун ва гь.ц. рукIиндал. Нужер къимат лъала нуж гьечIого хутIидал.*

*ХутIугеги гьедин.*

## ццццццццццц!

*Юношеский волейбольный клуб «Олимп», занявшей 3-е место на первенстве РФ «Серебряный мяч». Пусть сопутствует вам удача. Успехов вам.*

## БАРКАЛА!

*«Сугъур» таксиялъе ва гьелъул нухмалъулев Амиров ГIумарие росдал администрациялъул гъутада вугев заместителасе чIезабураб харжалъухъ (жиб-жиб моцIалъ 2 аза-азар гъурущ).*

* * *

*Школа лъугIун исана 20 сон тIубараб ва гьеб тадбир росулъ тIобитIараб классалъе Нахарохьоб гьез къачIараб кьоялъухъ ва росулъ жанир гьарурал цоги пайдаял хIалтIабазухъ.*

Росдаладминистрация

* * *

*Сугъралъ школалъул цIалдохъабаз баркала кьолеб буго Бутаев Бутайие гьес жиндирго рукъалъул библиотекаялдаса школалъе 1010 тIехь сайгъат гьабуралъухъ.*

## ЛЪАЗАБИ

*Гъизилюрталда «Сугъралъ» газетал лъолеб букIараб «Зов предков» тукен къаялда бан, гьанжеялдаса газетал рукIине руго* ***ХIамзалов Багьавудинил*** *дора.*

ЖАМГIИЯБ СОВЕТАЛДА

# «Жамагlаталъул» гlарзаги «гlоштlол гlоркьги»

*Жамгlияб советалъул иргадулаб данделъиялда гьоркьоб лъураб тlоцебесеб суал букlана Херазул советалъул хlакъалъулъ. Положениялда бихьизабураб хlалтlиги гьабичlого, Херазул советалъ жидеда тlаде кколареб иш гьабулеб бугин, киналдаго тlад квер лъезе хlаракат бахъулеб бугин бицана гьениб.*

Ракlалде щвезабилин, Херазул советалде тlаде ккола аслияб къагlидаялъ маслихlаталъул иш гьаби. Амма «Херазул советалда гьикъичlого хlукму гьабуге», «Нуж херазухъ гlенеккизе ругищ гьечlищ?» ва гьелда релъъарал тlалабал цере лъезе байбихьун буго гьеб гlуцlиялде гьоркьоре ккарал цо-цояз. Хlалбихьун букlана газеталда лъезе бегьулеб-бегьулареб чlезабизеги. Гьединго, Жамгlияб советалда дандги бачlого, Херазул советалъ (уставалда рекъон жеги тасдикъ гьабичlеб) Культураялъул министерствоялде кьун буго Исрапилов Исрапилица тlалаб гьарулел тlагlелал музеялдаса нахъе росиялъул хlакъалъулъ гlарза. Анцlго чияс гъолбас гьабураб гьеб байбихьулеб буго «сугъулдерил жамагlаталъул цlаралдасан» абурал рагlабаздалъун. Гьединаб гlорхъолъа борчlараб «хlаракатчилъи» рекъечlеблъун рикlкlана Жамгlияб советалъ. Гьединаб хlалтlуца маслихlат гьабулареблъи хlакъаб буго.

Кlиабилеб суал букlана Жамгlияб советалда ва гьелъул членазда тlасан мацl гьабулеб букlиналъул хlакъалъулъ. Махlадов Мухlамадица гьениб цlалана гьоркьиса сентябралъул ахиралда милициялъул органаз хъвараб «Справка». Гьениб Жамгlияб совет лъазабулеб буго хlукуматалда данде хlалтlулеб экстремистазул гlуцlилъун. Гьенибго кьолеб буго гьеб «экстремистазул гlуцlиялъул» хlаракатал гlахьалчагlазул список. Гьенире гьорлъе ккун руго Жамгlияб советалъул членалги, гьелъул цо-цо данделъабазда гlахьаллъарал чагlиги, киданиги гьелда аскlоерецин щвечlелги, хlатта цо-цо гьеб Совет букlин лъазего лъаларелги чагlи.

«Мухlканго лъалев вуго гьеб справка гlуцlарав чи, лъала цlарал хъвазе кумек гьабуравги. Бокьани гьел гьабсагlат абизеги кlола. Нилъер росулъ гьеб къваригlарав чи вукlинчlевани, гьаб «Справка» бижизе букlинчlо», - ян абуна гьениб Махlадовас.

Гьебго суалалда тlасан кlалъана Камалов Гlали. Росдал ахlвалхlалалъул бицунаго гьес ракlалде щвезабуна цо гьадинаб бицен:

*Букlун бугила цо кутакалда ризго бижараб, кутакалда жиндир къуваталда ракlчlараб рохь. Гьорол сасгицин рагlуларoанила гьелда жаниб. Цо нухалъ рачlун лъазабунила гьелда гьанже мун гъуризе бугилан.*

*- Сунцагlаги дун гъурулеб, - ан гьикъун бугила рохьалъ.*

*- Гьаб гlощтlоца, - йилан цебе рехун бачlун бугила чармил гlащтlи.*

*- Гьеб чармица къотlулеб рохь гуро дун, - абун пахруго кьун бугила жаваб.*

*- Дуда лъалищ гьалда чlвараб гlоркь нужерго гьаниса букlин? – абун гьикъун бугила нахъеги.*

*Гьеб мехалъ къварилъун бугила рохь, бичlчlун бугила гьелда цо хиянатаб гlоркь сабаблъун жинде бачlараб балагъ. Цо-цоккун къотlун гъурун рехун бугила гучаб рохь.*


СПРАВКА

27.09.08г.

Согратль Гунибского района под прикрытием
названием «Общественный совет» для реализации
направленных против существующей власти и «сил»
их преступных замыслов, в основном из лиц,
«Ваххабизма» создали экстремистски настроенную
членов организации является актовый зал в здании
Члены этой организации занимаются
нием экстремистских акций под прикрытием
тов, где выдвигают лозунги и проводят акции
ти против существующей власти, но иронического
стого неосведомленного гражданского населения
что акции эти не оппозиционного характера, а
ддержку проводимой государством политики. Так,
в августе 2008 года митинге организаторами была
возложению цветов у мемориала погибшим при
га милиционерам, а на самом деле венки по их
лицам, от чьих рук они погибли, а эту аллею
ей славы ваххабизма».
этих антигосударственных акций послужил факт
Казанбиева Рустама Ильясовича, 1977 г.р.,
нбалаевны, 1983 г.р. и Газилалиева Рашида
оженца селения Согратль, хотя лозунги,
были изготовлены задолго до этой спецоперации и
по улице Магомед Гаджиева 94. По всем
ции носят заказной характер, а все остальное
ами и путями реализации этих заказов.
тром» этой экстремистской организации является
медович, 1965г.р. уроженец селения Согратль
ет в г.Махачкала проспект Насрудинова д. 59Д

Гlалица гьебго «Справкаялда» хурхараблъун рикlкlунеб буго гьоркьиса 9 октябралдаса байбихьун гьесул хlалтlул халгьабизе органазул чагlи рачlин. Лъабабилеб октябралда ккун вуго Агъаев Мухтар, ичlабилелъ рачlун руго Гlалихъе, 13-абилелъ – Амиров Сатмарихъе. Гьеб кинабго рикlкlине бегьула 27 сентябралда хlадур гьабураб «Справкаялъул» хlасиллъун.

Гьединго Гlалица ракlалде щвезабуна Гlадилгерейилгун букlараб ахирисеб дандчlвай. Росулъе милиция щибизе рехулеб букlарабилан гьикъидал, гьес абун буго нужерго чагlаз тlамунилан.

Махlмудов Мухlамадица гьениб мисалалъе рехсана гьал къояз цо нилъер гlолохъанчиясул рокъоб чlухь тlамиялъул хlужа. Чlухь тlамизе постановление хъван буго нилъерго росулъа судиялъ. Киданиги цlогь гьабичlев чиясул рокъоб балагьулеб букlун буго бикъараб телефон. Чан бакlалде хlалтlизе лъугьаниги, милициялъ рахlат толарого, нахъе ине ккун вуго гьев. Рокъовги толев гьечlо гьоркьоса къотlичlого чlухьал ран.

Гьединал мисалал цоги-цоги руго. «Справка» гlуцlарал чагlазе къваригlун буго нилъер гlолохъаби такъсирияб нухде тункизе. Гьединлъидал нилъеца гlолохъабазда цlодорго рукlаян лъазабизе ккола, - ян абуна Гlумар Махlадовас.

«Справка» къватlибе бачlин ккола заман хисулеб букlиналъул гlаламат. Гьеб хlужаялдасан бичlчlула мацlихъабазул цlаралги органаз хадурккун балъго цlунизе гьечlеблъи.

Данделъиялда гьоркьор лъуна «Справка» ва гьелда релъъарал бугьтанал къватlире рачlунел рукlиналда бан гьаризе кколел тадбирал. Хадусеб данделъи ахlизе хlисабалде босана 24 июлалда.

ГIабдулмаликАХIМАДИЛОВ

СУАЛ-ЖАВАБ

**Ахираб заманалда росуцоязда гьоркьор тIиритIулел руго батIи-батIиял, гIемерисел кьучI гьечIел харбал. Цо-цо чагIаз гьел харбал ургъунго биччалел руго, понцIозарулел руго, чияца гьабураб лъикIаб хIалтIи жидедаго тIаде цIалеб буго. Гьелда бан гIемерал суалал рачIунел руго редакциялде. Жакъа нижеца жаваб кьолеб буго бищун гIемер дандчIвалеб ункъо суалалъе.**

# Маслиат. Что было и чего не было?

***- Нельзя ли рассказать подробнее, как прошёл маслиат с покойным Адильгереем? Слишком много слухов и пересудов в народе на эту тему. К примеру, Б.А. утверждает, что Газилалиев Ахмед чуть ли не уговорил об организации встречи с министром одного из наших депутатов (Ш.И.), и только поэтому Адильгерей принял отца Рашида. Так ли это?***

*Ответить на этот вопрос мы попросили Хаджимурада Камалова, имевшего отношение (хоть и косвенное) к организации встречи.*

*- По просьбе Ахмеда?! Депутат?!! Это неправда… Адильгерей Магомедович сам просил маслиата. До сих пор у нас были обязательства не спекулировать темой примирения, поэтому мы не раскрывали деталей встречи, теперь гибель министра освобождает нас от этих внутренних обязательств.*

*Покойный Адильгерей несколько раз, начиная с октября прошлого года, присылал ко мне разных парламентёров (в основном, это были старшие офицеры МВД) с предложением примирения – всего было 7 случаев. Я ясно объяснял им тогда: «Я не убивал сына министра. К счастью, он тоже не убил моего. Предмета для нашего с ним маслиата, таким образом, нету. Пусть идёт к отцу Рашида, там он должен просить маслиата, если только искренне хочет этого. Потом я подам ему руку.» Примерно такого рода разговор был у меня и с братом мунагьал чураяв Адильгерея – Сахратулой.*

*Два месяца назад, в апреле, ко мне поздно ночью приехали мой друг Тагиб Абдусамадов и писатель-журналист Юлия Латынина. Под убедительным порывом Тагиба и просьб Юлии, которые только что вернулись со встречи с Адильгереем в Губдене (там тогда было объявлено СКПО), я согласился тут же поехать для разговора с министром…*

*В субботу встретились Тагиб (который и раньше организовывал маслиаты, даже между объявленными кровниками – я свидетель), Адильгерей и я. Не вдаваясь в детали, скажу о своей позиции, которую я выразил министру буквально так: «Дун дуца гьаб ишалда дур вакиллъун гьавуге.*



*Дур вакиллъун дун вукIине гьечIо. Как раз наоборот – дун гъосул (АхIмадил) вакил вуго. Гъосда аскIов эхетун, мун хъулухъалдаса эркен гьавейилан абун халкъалдаго цебе загьир гьабураб мехалъ, дуца гьараниги, ПIагибица абуниги… дица дур цIаридаса гъосда кIал рохIизе гьечIо. Дуда кIвани гъосулгун маслигIат гьабизе, гьеб мехалъ диргун гьабизе квалквал букIине гьечIо… До тех пор – я по ту сторону баррикад, Падилгерей.» Тагиб – живой свидетель этому разговору.*

*Тогда Магомедтагиров спросил меня, уважаем ли мы Гамзата Магомедовича (за полчаса до этого он меня также спрашивал о некоторых других мужчинах, кто мог бы повлиять на мою позицию). «Безусловно! Это наш бессменный лидер, он Председатель правления нашего общества… Уважаем…» Адильгерей сказал, что тогда он постарается уполномочить на организацию маслиата именно Гамзата Магомедовича.*

*Прошло 2-3 недели, каждую неделю Адильгерей Магомедович сообщал мне, что он ждёт то возвращения Гамзата Магомедовича, то его звонка, но всё остаётся в силе…*

*Почти месяц спустя мне позвонил Али Камалов и попросил приехать к нему. Там он сообщил мне, что Адильгерей просит его, Али, устроить с Ахмедом Газилалиевым маслиат. Через неделю мне снова позвонил Али Камалов, я приехал минут через 40; в кабинете уже сидели Ахмед Газилалиев, Али Камалов и Адильгерей Магомедтагиров.*

*Али Ахмедович сказал мне, что Адильгерей глубоко кается (министр в это время утвердительно кивал головой) в том, что оговорил Рашида, не зная на самом деле, для чего тот был за границей, чем занимался. Он горько сожалеет, что выступал по телевидению с обвинениями, которые невозможно оказалось подтвердить впоследствии. За это он искренне просит прощения у Ахмеда, кается. Что касается собственно убийства, он не убивал Рашида, он даже не знал, кто там заблокирован. О Рашиде он узнал только от Магомеда Махадова во время операции. А саму спецоперацию проводил ЦСН (центр специального назначения) ФСБ. По чьим оперативным данным проводилась спецоперация министр не знал на тот момент (сегодня в редакции «С» есть достаточные данные и об этом - ред.). В довершение разговора Адильгерей мне сказал, что в той части, в которой он действительно виноват и искренне кается, Ахмед его простил. Я встал, встал и министр, я подал ему руку и сказал, что теперь на уровне федеральных служб собственной безопасности МВД и ФСБ я перестану его терроризировать. В этой части я тоже заключаю с ним маслиат. Что касается «Черновика», я не могу им управлять, как командир командует взводом. «Как ты не можешь сегодня остановить раскрутившийся милицейский маховик, так и я не уполномочен прекратить публикации».*

*Покойный остался очень доволен этим раскладом. Его проводил хозяин офиса Али Камалов, а я остался с Ахмедом в кабинете.*

*Никакого депутата в этой истории не было. Инициатором примирения был Тагиб Абдусамадов (искреннее спасибо ему).*

# За что он сидит?

**- Столько разговоров на тему, за что сидит Мухтар Агаев. Разъясните, что происходит на самом деле. Он что, отбывает наказание?, его осудили? В селе говорят, что его посадили за какие-то митинги. Как на самом деле?**

*Ответить на этот вопрос мы попросили адвокатов Мухтара Агаева – Абакара Алиева и Абдула Магомедова.*

По мнению адвокатов, Мухтара Агаева без видимой (практически недоказуемой, даже если б она была) вины просто хотели держать в камере до тех пор, пока он не «дозреет», не «поплывёт». Это состояние, когда любой гражданин готов оговорить и себя и своих близких в каких угодно грехах и преступлениях. Не выдерживает практически никто – кому-то для этого нужно две недели, кому-то два года, но ломается почти 95%. Обвиняемый, если не поломается, то сходит с ума.

Следователь, таким образом, полагал, что, учитывая тяжесть инкриминируемого Агаеву преступления (а это 277 статья УК РФ), он сумеет продлить содержание Мухтара под стражей до предельного 2-летнего срока, вынося собственные постановления о продлении, получая постановления прокуратуры республики, Генпрокуратуры и так далее. То есть, предполагалось, что за два с лишним года без никаких практических следственных действий он спокойно «подержит» Мухтара в камере, под прессом уголовников и психологическом давлении оперативников.

На этой неделе вследствие надзорной деятельности прокуратуры следственный комитет принял решение о завершении предварительного следствия по данному уголовному делу. Мухтар подписал, как говорят юристы, 221-ю и ознакомился с предъявленным обвинением. Теперь дело отправится в суд. Это – большое достижение защиты. Теперь адвокаты строят стратегию судебной защиты. Имеющиеся в уголовном деле материалы не вызывают сомнения – Мухтар не виноват в инкриминируемом ему преступлении. Впрочем, возможно, как и другие фигуранты дела.

**ОТ РЕДАКЦИИ:**

Что касается митингов, то, действительно, участие Мухтара, как и других членов Общественного Совета фонда «Общество Согратль» в организации митинга 29 августа прошлого года вызвало большую тревогу некоторых чинов в милицейском ведомстве. На следующей акции в октябре предполагалось выдвинуть требования отставки министра внутренних дел. Чтобы предотвратить проведение митинга, назначенного на 10 октября 2008 года, эти «чины» решили преподнести ныне покойному министру (без его собственного желания, кстати) своеобразный «подарок». *«Гьа, кканаз бугаби гьанже доб митингалъул иш? Ццорода ад гӀака гӀадин ччеле гьаруна гури гьанже сугъул...»,*– так оценил свой «подарок» полковник МВД, имени которого мы пока не разглашаем, через неделю после задержания Мухтара Агаева. Напомним, что задержание произошло 3 октября, ровно за семь дней до митинга.

Сегодня достоянием общественности становится всё большее число так называемых «документов», а по сути фальсифицированных СПРАВОК о каком-то абсурдном заговоре очень большого числа наших односельчан (материал на стр.3). Под вал анонимок всё чаще попадают самые дееспособные и достойные. Наличие этих фальшивок говорит о наличии небольших проблем в нашем сообществе, которые согратлинцы сегодня исправляют, дабы не допустить повторения кошмаров 37-го года.

# Муфтиясулгун дандчӀвай лъиие гӀуцӀараб?

**ГӀемер батӀи-батӀияб хабар бицунеб буго муфтиясулгун дандчӀваялъул хӀакъалъулъ. Камулел гьечӀо гьеб дандчӀваялъул протокол киб бугебилан кӀарчамал суалал кьолелги. Лъида ракӀалде ккараб гьеб дандчӀвай гьабизе, лъица гьеб гӀуцӀараб ва щал гьенир гӀахьаллъарал? Сундул хӀакъалъулъ ккараб хабар?**

*Гьеб суал нижеца кьуна муфтиясулгун дандчӀваялъул гӀахьалчи, ЖамгӀияб советалъул председатель АхӀмадилов (Палистанля) АхӀмадие.*

- Гьеб пикру бижана ЖамгӀияб советалъул данделъиялда. Гьениб гьоркьоб лъуна нилъеца батӀи-батӀиял газетаздаги бахъараб, телевидениялъги бихьизабураб, Дагъистаналъул халкъалда гьоркьоб маслихӀат гьабиялде ахӀулеб хитӀаб. Гьеб мехалъ ракӀалде ккана нилъерго росдал бусурбабазда гьоркьор ругел суалал роцӀцӀинаризе (гьелъие гӀоло ахӀун букӀана ГодекӀан) ва Дагъистаналъул бусурбабазул идараялъул сугъулдеридехун бугеб балагьи лъазабизе. Дагъистаналъул муфтий, хӀурматияв АхӀмад-хӀажи ГӀабдулаев Сугъралъ вукӀана росдал имам вищулеб мехалъги, гьесулгун церехунги рукӀана нилъер вакилзабазул дандчӀваял.

Цинги Камалов ГӀалица Идараялъул пресс-секретарь МухӀамадрасулидасан бухьен гьабуна муфтиясулгун. АхӀмадхӀажи разилъана ва Палил кабинеталъур ниж данделъана. Ниж лъабаздаго тӀаде гьенир гӀахьаллъана Амиров Сатмар, ГӀабашилов ГӀабаш ва муфтиясул кӀиго кумекчи.

Нижеца гьикъана муфтиясда нилъер жамагӀаталъул рахъалъ гьесул щиб пикру бугебилан.

***(Хадусеб 6-аб. гьумeралда)***



СУАЛ-ЖАВАБ

# ГодекIаналда шиб бииараб?

***Щай ГодекIаналъул хIакъалъулъ цIакъго къокъго хъвараб, гьенир гьарурал кIалъаял хъвазе бегьуларищ?***



*ГодекIаналда киналго кIалъаял рукIана маслихIаталъул, рекъон рукIине ккеялъул бицунел. ГодекIан рагъулаго АхIмадилов (ГIалистанля) АхIмадица ракIалде щвезабуна цебесеб заман. 1930-абилел соназда репрессиязде ккаразги жидеда тIасан мацI гьабураздехун кьал васигат гьабичIила наслабазе, гьединго питна васигат гьабичIила цIаларал чагIазги, гьелъул хIасилалда нилъер жамагIатги бугила гъункараб. Жакъаги цо-цо жидедасан бугьтан борчIарал чагIазги тавбу гьабизе ккелила, цогидалги гьезда тIаса лъугьине ккелила. Жиндасан харбал рицараздасаги жив тIаса лъугьарав вугила.*

*Гьелдаго релълъарал рукIана цогидал кIалъаялги, гьел киназулго бицине бакIги заманги гIеларо. Киналъулго магIна гьоркьобе бачараблъун букIана КIичев ГIабдулмажидил кIалъай. Гьанир кьолел руго гьениса цо-цо кескал.*

*- Кинабго гьаб жоялъул аслукьучI буго цо чагIазе питна къваригIун букIин. Нилъ жакъа питнаялде регIун гьечIо. ГIемерал руго нилъеда цере чIарал суалал. Аллагьас абулеб буго питна бугила Жинца кьижизабураб жо ва гьеб борчIизабурасе Жиндир нагIанаги бугила абун. ТIоцебе нилъеда гьоркьоб питна бекьулеб жо щиб – гьел ккола рищиял, нилъеда гьоркьор рилълъинарурал, нилъер рукIинчIел. КъваригIун буго гьел рищиязул иш лъугIизабизе. Киналго цадахъ гьеб суалалде тIаделъичIони, гьез нилъ рикь-рикьизарун ккезаризе руго доб росуги бухIун кулабазда рукIаралдасаги квешаб хIалалде, жакъаго ккезарулелги руго. ТIоцебесеб иргаялда нилъ рукIине ккун руго сугъуллъун <…>*

*КъваригIун буго абичIеб жо абичIеблъун тезе, абундачазда божун рукIине бегьун гьечIо. Масала, Маркъул МухIамадидаги дидаги гьоркьоб гьечIо кинабгIаги дандеккунгутIи. Гъов рузманги бан къватIиве ина, дица бокьани хадуб къаде как бала. ЛъугIана иш. Гъос абулеб буго хадур жал гьаризе кколарилан, дица абулеб буго гьабизе бегьулеб батани теян. ГьечIогури кинабгIаги кIалрохIи. РачIаха нилъецаги, бегьулеб батани, ургъун рахъарал жал гьаричIого, гьел харбал лъугIизаризе. РакIарулел руго руччаби лъабго сордо гьабулелъурги, анкьго гьабулелъурги, кIикъого гьабулелъурги, гьебги гIечIого 52 сордоги гьабулеб буго ракьаги гьанги батIалъулеб къойиланги абун. Кир раталги къватIул харбалги ракIарун рачIунел руго рокъоре россабазул бетIер унтизабизе. Гьеб жо я исламалъ малъуларо я мавлидалъ малъуларо.*

*Абун борчIараб жо батани, тавбуги гьабизе ккела, нилъ цоцазда тIаса лъугьараллъунги рукIине ккела. Абулеб жоги абизе ккела бадибе.*

# Муфтиясулгун дандчIвай лъица гIуцIараб?

*(Байбихьи 5-аб. гьумералда)*

Гьес бицана нилъер гIемерал гIадамалги лъалин, росдал тарихги лъалин, мажгиталъувеги анин (унгейин абулел цо-цо нилъерго чагIи рукIаниги), гIадамазухъги гIенекканин, жинда лъалеб бакIалдаса гIебеде сугъулдерида гьоркьор вагьабиялги гьечIин, лъалареб жо цогидазги бицинчIого тани лъикI букIинилан.

Гьенибго хIукму ккана росулъги гъутаналдаги ругел мажгитазул имамзабазулгунги муфтиясул дандчIвай гIуцIизе. Цо-цо гьел гIолохъабазда гIайиб чIвалел чагIиги ругелъул, муфтиясде гьари букIана, кIудияв хIисабалда гьезулгун гара-чIвари гьабизе, гьел мекъи ратани битIун ккезаризе, битIарал ратани гьезухъ гIенеккизе.

Гьединго муфтиясе «Сугъралъ» газетаги хъвана, цересел номералги кьуна, хадуселги цо течIого щвезарула.

Телефоналъ ахIун лъазабуна имамзабаздаги, гьелги киналго ишалги тун хадусебго къоялъ щвана МахIачхъалаялде. Гьелгун цадахъ муфтиясухъе ине рукIана дунги Камалов ГIалиги. Дун зигараялъ ине ккун рес ккечIо, ана гьел лъабалго. ДандчIваялъул лъикIаб хIасилги ккун буго, имамзабазда гIайиб чIвазе бакIги батун гьечIо.

*2007 соналда муфтиясулгун букIараб дандчIвай ракIалде щвезабуна МахIадов ГIумарицаги.*

- Росулъ имам вищаралдаса хадуб, Ражабов ХIажимурадил хIаракаталдалъун гIуцIун букIана АхIмад-хIажиясулгун дандчIвай. ГьитIинабго сайгъатги босун гьесухъе ана дунги, Агъаев Мухтарги, АхIдуханов МухIамадги. Доб мехальго муфтияс абун букIана росулъги гъутаналдаги ругел имамзабигун данчIвазе бокьилаанилан.

МагIнаяб хабаралда, гIодоричан ана гьеб данделъи. Амма гьоркьоб АхIмад-хIажияс абуна цо-цо камуларила жиндихъе рачIунел, Сугъралъ бугеб ахIвалхIал кIодо гьабун, хIатта гьезего гьечIебгицин бицунел чагIи.

Нижеца муфтиясул кабинеталъуб цадахъ какги бана, цоцаздаса разиго ратIалъизеги ратIалъана.

ЛЪИКIАЛ ГIАДАТАЛ

# Гьаб классалъ багIаризабуна

***Бильълъараб низамлъун лъугъун буго Сугъралъ гьоркьохъеб школа лъугIун 20 сон тIубараз гьеб кIудияб лъугьа-бахъин май моцIалда росулъ тIобитIулеб. Исанаги букIана гьебго, 1989 соналда школа лъугIаразул сундулъго жигараб гIахьаллъи гьабулеб, гIаммал ишаздаса рикIкIадегIан цIан кидаго чIолареб къокъаялъ тIубана гьеб, школаялъеги росдаеги пайдаяб тадбир.***

Данделъи байбихьана школалда (линейкаялда), гьенир абуна лъикIал рагIаби, ракIалде щвезаруна цIалулел сонал. Гьаруна учительзабазе, классазул руководительзабазе, исана школалде ине ругезе баркиял, кьуна сайгъатал. Хадуб официалияб къагIидаялъ рагьана, выпускниказул кумекалдалъун лъураб цIияб кьо (Нахарохьоб, Ицухириниб), цинги тIобитIана гIаммаб вечер. Хадусеб къоялъ гIахьалчагIи рахъана тIабигIаталде, щвана «ВатIан» комплексалде.

Кинабго данде босун, киналъулго хIасил гьабун абизе ккола исанасеб данделъи анин гIезегIан лъикIаб даражаялда абун.

Гьанир рехсечIого гIоларо гьел васазги ясазги (гьезде тIаде дурцазги) исана росулъ гьарурал





ЦIияб кьо рагьулеб заман

цIакъго пайдаял гIаммал хIалтIабиги:

1. Ицухириниб кIкIалахъ лъуна цIияб кьо.
2. Хобалазе росана плитаби ва сали.
3. Детсадалъе босана ва лъуна цIияб линолеум (гьенибго гьабуна чура-хулиги).
4. Босана больницаялъе лъим хин гьабулеб аппарат.
5. Росана школалъе бокьараб бакIалда хIалтIизаризе рес бугел газалъул плитаби.
6. Росулъ хIажатаб хIалтIуе кьуна КамАЗ цIураб сали.
7. Къачlана нухлул цо бутIа (Лъогоб).

Киналго рехсечIониги гьаруна цоги хIалтIабиги.

**P.S.** Кинабго гьаз гьабураб ва гьабизе ракIалда бугеб хIалтIухъ кIудияб баркалаги кьун, гьаниб рехсечIого гIоларо гьадинаб хIужа: 1989 соналда школа лъугIаразул мухъилъ вуго жакъа къо щвезегIан хъизам гьабичIев, цIа гIадав лъабго гIолохъанчи. Буго кIудияб хьул тIасияб соналъул май моцI щвезегIан гьез гьеб гъалатI битIизабилин абураб. Бичас биччани.

ГIабашГIАБАШИЛОВ



# Лъикlаб хlай, дагьал чи

**12-14-абилеб июналда Сугъралъ росулъ нухда тlамуна иргадулаб, XIX абилеб, нильер росуцоял, вацал Мухlамад ва Тlайиб Тlолбоевазул призалъе гlоло тlобитlулеб волейболалъул турнир.**



Исана гьелдаго цадахъ гьабизе хlисабалде босун букlана Росдал къоги, амма цо-цо гlиллабаздалъун гьелъул цlакъго гьитlинаб бутlа гурони кlвечlо гlумруялде бахъинабизе. Гьеб тlубазе ракlалда буго август моцlалда. Гьава-бакъалъул рахъалъ исанасеб турниралъул къоял ана гlемер лъикlго – гьабичlо цlадаз квалквал, букlинчlо хlехьезе кlолареб боркьи ва гь.ц.

Турнир байбихьилалде цебе (11-12) росулъ букlана ахирисел соназда къанагlат гурони гьаниб тlобитlулареб лъикlаб лъугьа-бахъинги, ай бертин – Гlарабил Ахlмадил Мухlамадица ячана Гlуцlов Мухlамадил яс Тlавус, баракат бугеб батаги гьеб тадбирги. Турниралда гlахьаллъана 10, нильедаги нильги жанибгоги лъалеб, команда: ДГУ, ДГПУ, ДСХА, «Курах», «Гъуниб», «Олимп», «Каскад», «Сулакэнерго», ва «Нур» (Табасаран район). Турниралъул гlуцlи (сценарий) букlана кидагосеб мисалалъул, рукlарахъиналъул, квана-гьекъеялъул рахъалъ букlинчlо кинаб бугониги квалквал (школалъул хlалтlухъабазул, хасго руччабазул хlалтlул жигарчилъиялъул хlасилалда).

Хlаязул тlоцебесеб къоялда, къаси сагlат 9-ялда кьуна гlезегlан гlатlидаб, нильералги гьалбалги гlахьаллъараб концерт. Хlаязул бицани, гlахьалчагlазул, волейболалъул тlагlам лъалезул ва балагьаразул рагlабазда рекъон, гьел рукlана лъикlаб даражаялъул, гlезегlан хlалуцарал. Гьезул хlасилалда тlоцебесеб бакlалде бачlана «Нур» команда, кlиабилелде «Сулакэнерго», лъабабилеб бакl щвана «Каскад» командаялъе (Гъизилюрт).

Гьел къоязда росулъе рачlарал росуцоязул ва гьалбадерил бицани, цересел соназда данде ккун гьезул къадар (хасго росуцоязул) букlана цlакъго дагьаб, гьелъие гlиллалъунги батила цоцалъ бухьун цоялда хадуб цояб ккараб чанго хlужа. Гьеб буго хасаб гара-чlвариялъе тема, хадурккун гьаризе ругел тадбиразе дарс.



Кинабго лъугlун хадуб турниралъул цебехун букlаралъулги, жакъа тlобитlаралъулги, гьелъул букlинеселъулги рахъалъ жидер ругел пикраби нижее загьир гьаруна **Мухlамад Тlолбоевас.**

- Турнир байбихьарал, гьелъул тlоцересел сонал рукlана кинабго къанагlатаб, гlарац гьечlеб, амма гlадамазе волейбол хlазе, гьелъухъ балагьизе бокьараб заман. Рачlунаан гlемерал командаби (профессионалал гурел, любителал), букlана сон 24 команда бачlарабги. Доб мехалъ гlемерал рачlунаан хlаязда балагьизе бокьарал гlадамалги, кинабго гьаб авал цlун букlунаан гlадамаз, машинабаз.

Жакъа буго профессионалазул заман, гlурусаз абухъе «количество переходит в качество». Хlаялъул даража, хlалезул махщел цlикlкlун буго, гlадамазул волейболалдехун гьира, гьанире рачlи дагьлъулеб буго. Гьеб жакъа бихьула кинаб рахъалъан балагьаниги. Балагьила гьанже, хисизе ккола гьабулелъул жанр (къагlида, низам), ургъила нилъ.

**- Дур хlисабалда, ахирисел соназда росулъ, росуцоязда гьоркьор ккарал хисиял гlемерал ругищ?**

- Хисиял гlемерал руго, амма лъикlаб рахъалдехун хиси дида дагьаб гурони бихьулеб гьечlо. Буго цо бичlчlулареб ахlвал-хlал: буго цо лъалареб чlегlерлъи, чороклъи, гьас цояб бицуна, дос тlубанго батlияб бицуна. Дида лъаларо лъие щиб къваригlун бугеб, щал лъида данде чlун ругел, щай гьеб дандечlейго букlине кколеб?

Бакъ ани рагlад баккула, гьабсагlаталда бакъги буго рагlадги буго, гьечlо цо къваригlараб гвангъи. Дун гьеб киналдасаго цlакъ рази гьечlо, буго рекlел унти, амма росуги росуцоялги тезе ракlалда гьечlо – гьаб буго дун гьавураб бакl, дир рукъ, дир росу, дир Ватlан... Дун вуго нейтралияв, росдае дидаса бажарараб кумек гьабулев, бокьарав чиясдехун ракl бацlцlадго квер битlулев чи, амма дида бихьулеб буго доб заманаялъ гlадаб рацlцlалъи, рагьи жакъа гьечlеблъи. Дун вуго Москваялда, рикlкlадаги чlун киназего гlакълу кьезе аварагги дун гуро, амма цlакъ бокьилаан жив-живас жидедехун цlачlого, ричlчlуларел рагъа-рачариял гьаричlого, нилъ цоцаздаги ричlчlун, росуги росуцоялги гъункиялда тlад хlалтlизе.

* * *



Чанго рагlи абуна Халкъияб Собраниялъул депутат, волейболалъул федерациялъул председатель **Шамил Гlисаевас.**

- Об этом турнире могу сказать только положительное, хорошее, доброе. По статусу он является первым в районе и в Республике – великолепная организация, великолепная игра. Все ждут этого турнира, он яв-

ляется объединяющим фактором, он дает возможность показать хорошую игру, пообщаться, сблизиться. Это фактор стабильности, фактор дружбы, братья Толбоевы объединяют нас.

У этого турнира есть хорошее будущее и для этого мы приложим все усилия, он выйдет из рамок республиканского турнира, он станет Всероссийским и Международным (участие 2-х или более зарубежных команд дает этот статус). Но это будет зависеть от того, как мы сорганизуемся, как правильно все это проведем. Думаю и новый министр спорта РД поддержит это, я встречаюсь с ним в ближайшее время.

* * *



Жиндирго пикру бицана Хунзахъ районалъул Кlахъ росулъа **Ахlмадов Мухlамадица (Хвалчен).**

- Гьале 19 сон буго гьаб турниралде Сугъралъе вачlунелдаса. Гьеб заманалда жаниб, кидаго дица кьолеб кlудияб баркала тун батlияб, гьездехун абизе рагlи дир ккечlо. Берцинаб росуги буго (дида кирниги рихьичlо гьанир гlадал берцинал къадал), гьелда релълъарал гlадамалги руго. Сугъул дидаги, гьезда дунги, дир хlисабалда, цо росулъа чи гlадин кколел ратила.

Баркала буго М. Тlолбоевасе, турнир гlуцlаразе, квен гьабулел поваразе, кидаго ниж къабул гьарулев Шугlайбов Хlажимурадие ва гьесул хъизам Марямие. Гьаб турнир байбихьана Дагъистаналда волейболалъул иш цо дагьаб гlодобе ккараб заманалда, гьелъ кlудияб туркlи, цебетlей кьуна волейболалъе. Тlоцебесеб турниралда бергьана нижер, хунздерил команда, гьелда гьорлъ дунги вукlана.

Тlадеялдаса тlаде борхана турниралъул даража, рукlунаан гlемерал, батlи-батlиял командаби. Исанаги командаби гlемерал рукlана, хlайги, хасго финалалда, букlана лъикlаб, берцинаб, амма исана бокьичlеб жо ккана болельшикал цlакъго дагьал рукlин, гьеб бихьана киназдаго, лъаларо щиб гlилла гьелъие букlарабали.

Дун вуго 35-40 соналъ волейбол хlалев чи, дие бищунго исана захlмалъараб жо букlана Хунзахъа команда гьаниб гьечlолъи. Тlадеялъул дица гьеб гlунгутlи битlизабизе буго, командаялъе гlолохъаби гlечlони, рачун ветераналгун вачlина дунго.

ГIабашГIАБАШИЛОВ



КIВАР БУГЕБ СУАЛ

# Ахlулел кучlдулги ралел какалги

Исанаги лъикl анин абизе бегьула волейболалъул турнир (Тlолбоевазул къоял) ва гьелдаго цадахъ Росдал къоги. Амма гьаб соналъул байрамалъулги хаслъилъун ккана мажгиталда тlад бугеб клубалда сухlмат-кечl букlин. Байрам бугеб мехалда гьеб гьечlого букlинищ? Гьединго байрам бугин абун боголил как бачlого телищ? Течlо.

Цониги чиясда гlайиб чlвалеб мех гуро. Киназго гьабун батила кидаго гьабулеб ва гьабизе кколеб жо: кучlдул ахlулез – кучlдул ахlи, какал ралез – гьел рай.

Исанаги боголил как балаго кечl ахlулез лъалхъи гьабун букlана. Амма кlиго ракагlатги бан лъабабилелде байбихьулаго нахъеги байбихьана тlасан кечl ахlизе. Как мекъи ккечlого хlалихъе лъугlизабизе кlвана.

Цо жамагlатчияс абуна кечl ахlиги кlваричlила, музыкаги букlа абейила, амма гlодор малал ралел чагlазда щцин бахъун бачlун букlанилан. Как бан лъугlарабго гlодор малал ралезул роцимал базе тlаде ине хlал бачlун букlанила. Подов чlарав щунусго чиясул кисесда гьеб балеб абун пикру гьабунила, щцинги гlодобе къан анила.

Дица абуна как бан лъугlарабго роцимал баларин, азкаралги гьарун гьари-дугlа гьабулин. Гьедин дуца гьел кечl-бакъаналъул чагlи кантlизе гьарейин.

Цо нухалъ телевизоралдасан цо Дагъистаналъул хlакимас абулеб рагlун букlана бусурбаби ругила лъабго батlиял: умеренныял, радикалиял ва ультрарадикалиял. Амма гьесги абичlо ультраумеренныялги ругин абун, кучlдул ахlулаго какал ралел.

Гьайгьай, гьеб иш гьедин тезе бегьунгутlи хlакимзабазда лъала, милициялдаги лъала, гьелги рукlана гьенир как балезда гьоркьор. Гьеб суал мажгиталъул нухмалъулез дандбазе ккела росдал ва районалъул администрациязулгун, Жамгlияб советалъулгун.

Гьединго кlвар кьезе ккараб суал буго байрамкъоязда Мижгитрагьла машинаби лъезе бакl гlолеб гьечlолъиялде. Хьул буго гьеб суалги дандбалин ва ккараб хlукму газеталдасан гlадамаздаги лъазабилин. Гьелъул цlикlкlараб кlвар буго: рачlунел гьалбал рикlкlинчlониги, Махlачхъалаялда ва гьелда сверухъ буго нилъер 1200 цlараки. Сугъулдерил къадарги буго 6000-ялдаса 8000-ялде щвезегlан.

Лъагlалида жаниб ункъо байрам букlуна нилъер гlемерал чи росулъе рачlунеб: волейболалъул турнир (Тlолбоевазул къоял), Росдал къо, Кlалбиччанкъо ва Къурбанкъо. Гьеб гуребги, кlиго сонaлдаса Гlандаллъиялда рагъ ккун 270 сон тlубай гьабизеги ракlалда бугеб заманалда, гьеб заман щвезегlангlаги тlубани лъикl букlинаан гьеб кlиябго суал (какида цадахъ кечl ахlиялъулги машинаби толеб бакlалъулги).

Нилъ руго хасаб, гlицlго нилъее хасиятаб сабруялъул гlадамал. Гьеб мажгиталъул суалги бокьилаан гьединабго сабруялда тlубазе, киналго разияб цо хlукмуялде рачlине. Гьединабго сабру гьарула гьалбадериеги, как балезда гьорлъ рукlаразеги, кечl ахlулезда гьорлъ рукlаразеги. Къур'аналдаги абулеб бугелъул Аллагь сабру гьабулелгун вугилан.

МаркъулазулМухIамад

# Везде хорошо, но дома лучше

***Единственная. Наша сегодняшняя собеседница Айшат Касумова (Разуева), (МухIамадил яс). Врач и юрист. Молодая мать и опытный сотрудник органов внутренних дел. Старший инспектор-психолог полка ППСМ-1 УВД г. Махачкалы и майор милиции (по нашим данным единственная женщина согратлинка - сотрудник МВД в этом звании).***



***- Молодая женщина – майор милиции, для многих это звучит непривычно, а для тебя как?***

*- Нормально, 10 лет работаю так, я привыкла. Как-то особой и разницы не замечаю. Я и лейтенантом была такая же была, и теперь такой же осталась. Хочется, конечно, и подполковника и полковника получить. Это, наверное, нормально, когда работаешь в этой системе.*

***- Как принято говорить, плох тот солдат, который не хочет стать генералом. А твоя мечта, твой потолок какой?***

*- Хотелось бы хотя бы подполковника получить, хотя у нас в Дагестане для женщины это очень тяжело - должностей женских таких мало, а когда должность не позволяет, то уже проблемно получить следующее звание.*

***- Получишь ты звание подполковника, что это тебе даст?***

*- Кроме погон особо ничего и не даст, только рублей 50-100 разницы в зарплате. А если к званию будет и соответственная должность, то и зарплата будет повыше и, конечно, повысится статус.*

***- Как мы все знаем и видим, времена у нас неспокойные для работников органов и не только для них. И мнения о работниках диаметрально противоположные. Как сотрудник и как мать двоих детей, при этой обстановке, какие чувства испытываешь ты?***

*- За время службы я потеряла 28 своих коллег, ребят, которые работали вместе со мной. И у каждого из них есть дети. Дети остаются без отцов, жены без мужей. Что скрывать, страшно становится, жутко. Боишься погибнуть, не столько за себя, сколько за детей.*

*Не дай бог, если что-то случится в республике, что будет с детьми, что ожидает нас впереди? Но в то же время, конечно, есть и радость за детей. Двойное чувство. На женщине двойная нагрузка. Как матери, ей очень больно, как сотруднику - очень тяжело.*

***- Вопрос, может быть, риторический – почему у нас вот так происходит и будет ли конец этому? Если да, то когда?***

*- Мы, работники, тоже ведь обычные люди. От того, что я надела форму, я же не стала другим человеком. Может быть, чуть грубее, чуть черствее стала, потому что система такая. Мне кажется это порочный круг, получается цепная реакция – те делают свои дела потому, что милиция такая, милиция делает так потому, что те такие, как бы друг другу мстят. Бессмысленный и кровавый круг. Конец всему этому, конечно, должен быть, но честно говоря, не могу сказать когда он будет. А пока с каждым днем все хуже и хуже. Я думаю, что все-таки здравый смысл должен и возьмет верх.*

***- Согратлинскую среднюю школу ты закончила с серебряной медалью (1991 г.). В дальнейшем выбор профессии чем был обусловлен?***

*- Я с самого начала хотела идти в органы, поступить на юрфак, а поступила в мединститут (по совету родителей). Но жизнь сложилась так, что все-таки выбрала вторую профессию, осуществила свою мечту. По завершении учебы я сразу устроилась на работу в органы и вот уже 10 лет работаю там.*

***- За этот период непростой службы не было разочарования в выборе этой профессии? Более комфортно в какой форме ты себя чувствуешь – в милицейской или гражданской? И не теряет ли женщина в форме свою женственность?***

*- Нет, разочарования не было, я даже не представляю себя в другом месте, на другой работе. Служба, конечно, тяжелая. К слову, я бы не хотела, чтобы моя дочка пошла работать в милицию. Но в любом случае работа мне нравится. И форма, конечно, мне нравится. Но в последнее время, учитывая всю обстановку, уютнее чувствую себя в гражданской. А насчет женственности, то женщина ее никогда не теряет, в любой форме женщина всегда остается женщиной.*

***- Супруг Альберт твой коллега. Муж - капитан, жена – майор. На работе должна быть служебная субординация, а дома?***

*- Да, мы 4 года работали вмес-*

те, а потом он перевелся в центральный аппарат, уже оттуда в управление федеральной миграционной службы (ст. инспектор по особым поручениям). Дома у нас, конечно, нет деления на капитана и майора (по званию я старше, а должность его выше). Дома все просто – я жена, он муж, мы ни в чем не подавляем друг друга, есть полное взаимопонимание, во всем.

**- Он лакец, ты аварка. Как ты думаешь – в обычаях, характерах, привычках мы одни или есть заметные различия? Как тебя «не свою», приняли в новой семье, у тебя были проблемы с освоением нового места, новых людей?**

- Я бы не сказала, что между нами есть заметная разница. Если не считать языковой барьер, я вообще не чувствую никакой разницы. В душе, наверное, они тоже хотели «свою», все хотят своих, я это понимаю. А так чтобы я это заметила, за те 7 лет, что я замужем, этого не было. Можно сказать по этой части у меня не было никаких проблем. Семь лет семейной жизни это, конечно, небольшой стаж, но я ни о чем не жалею – у меня прекрасный муж, прекрасные дети, прекрасные родственники, я не чувствую себя здесь «не своей».

**- Ты назвала Альберта «прекрасным мужем». Как ты думаешь, если о том же спросить его, какие слова он найдет в твой адрес?**

- Даже не знаю… по крайней мере он не сказал бы, что я плохая, мне кажется, он скажет «домашняя, добрая».

**- Когда, интересно, последний раз вы вместе были в Согратле и когда у него на родине?**

- После свадьбы мы сразу поехали в Согратль, бываем там каждый год, иногда и два раза в год, точно также и у него на родине, вот в ближайшем поедем туда на свадьбу. Наше селение очень большое, у них маленькие села, в его родном селении (Иниша) тоже мало кто живет. В остальном нет никакой разницы, все то же самое и природа та же, и обстановка та же, люди те же и… очень часто они любят повторять, что мы произошли от них.

**- Видя и зная всю обстановку, у тебя не возникает желания оставить неспокойную службу и заняться чем-нибудь спокойным?**

- Бичас биччани, Аллагьас хъван батани, если Он даст жизнь, буду работать до пенсии. Нет никаких планов оставить службу. В одно время мы оба хотели перевестись в другие регионы России, но… подумали и решили остаться. Везде хорошо, а дома все-таки лучше.

**- Не так давно республика потеряла министра внутренних дел. Не вдаваясь в подробности службы, чисто по-человечески как ты восприняла этот факт? Даже теоретически ты видишь на посту министра женщину?**

- Честно говоря, мне его от души жалко было. Пускай у него высокая должность была, пускай он богатым был, что хорошего он видел? Круглосуточно человек был на работе. Может быть, многие хотели, чтобы он ушел с этой должности, но не таким образом. Обидно и жалко. А на счет женщины на этом посту, то нет. Наш менталитет не воспримет это.

**- И в завершении сегодняшней беседы что бы хотела ты сама сказать?**

- Всем хотела бы пожелать здоровья и в первую очередь своим близким. В последнее время очень много нехороших разговоров, слухов ходит среди согратлинцев. Мне хотелось бы, чтобы их вообще не было, чтобы мы поддерживали друг друга, чтобы было взаимопонимание. Чтобы мы могли гордиться своим селением, а селение нами.

*Беседовал А.АБАШИЛОВ.*

## ФОТОФАКТ



ГIУМРУ ВА ГIАДАМАЛ

# РекIелъ жакъаги йиго хур бекьулей...

***Хвара МухIамадгIалил МухIамадил хъизам Написат. ЙихьичIого букIана таманаб заман, амма цебе къотIун хIамагун мархьухъе-нахъе хьвадулей гьелъул дол соназул сипат кIочон букIинчIо. Жакъа, яс ПатIиматил берказул гохIалда нахъа, ккана гьелъулгун нижер гара-чIвари.***

**- Написат, гIезегIан сонал рукIана мун йихьичIого. Жакъа духъе щведал мун ятана бусада гIодой чIун, тIоцебе гьикъичIого гIеларо – кин бугеб сахлъи?**

- ЦIакъго бугин абун кинха абилеб. Дица абула азда дихъе тохтурзабиги ахIуге, дун гьезухъеги ахIуге, гьаб бугин херлъиялъул унти абун. Херлъидал цIакъго рукIинищ гIадамал? РукIинаро. ГIажал щун батани щвараб къо нахъе буссинаро, щвечIого батани букIина чIаголъиги. Щиб унтун бугеб абуни, гьечIо камураб унти – вай махIал ала, вай бетIер ала, вай чехь ала, вай хьалбал ала ва гь.ц., чамляха эбги бицлаб.

**- Сон чандай гьабсагIаталда дур ккола?**

- Гьаюраб мехги бараб гIумруги мухIканго лъаларо, вац, дида. Хъвай-хъвагIаязда гьаюраб сон 27-абилебищ, 28-абилебищ бугин абула аз, дун йиго гьанже тIолго яханадай яхинчIодай гьение абун, 80 сонниги батила дир абун тола дица (хIакъикъаталда 85-86). Дир инсул яц ГIалистаняй доб мехалъ йикIана тохтурзабазул бакIалда йигей гIадан (чIарахан). Мархьухъ (НахагIорох) йигей эбел дун гьайизе унтараб заманалда, росулъа лъое ахIун йиго ГIалистаняй. Гьей нижер рокъое щварабго, абула дун гьаюн йикIанилан. Заманги ихдал букIарабиха гьеб, риидал букIарабиха, лъаларо мухIканго.

**- Щиб магIишаталъул, щал чи рукIарал дур эбел-эмен?**

- Эбел (ПатIимат) йикIана мархьи-колохъго чIарай, бажарараб колхозалъул хIалтIиги гьабулей, цIакъго гIадамазе кумекги бугей гIадан. Эмен (МуцалхIисо АхIмад) вукIана чахоткаги ккарав, унтарав, бусадаго вугев, кодобе хьит кьунани гьеб букъун гурого тIокIаб хIалтIи бажаруларев чи. Гьесул риж, сипат дида ракIалда гьечIо, гьев хун вуго дун гьитIинаб мехалъго. Дир вац ккола Анварбег, дир яц йикIана ХIакуч МухIамадил Хадижат. Хъизамги нижер букIана цIакъго мискинаб, загIипаб.

**- ГьитIинаб мех киб дур араб, хIалтIи гIемераб гьабизе кканищ гьеб заманалда?**

- Ниж киналго рукIунаан НахагIорох. Лъояса радал унаан росулъе, школалда дарсал лъугIарабго таргьаги рокъоб реххун тун юссулаан мархьухъе. Балеб бугониги, пулеб бугониги, хинго бугониги, цIорон бугониги жиб-жиб къо унаан лъое-нахъе хьвадун, амма классални гIемерал лъугIун ратиларо дица, рес букIинчIо цIалун чIезе.

Киданиги хутIичIо хIалтIи гьечIого. Нижер букIинчIо я гIака, я хIама, нижеца хьихьулаан колхозалъул бачал, гьезул хьвай-хьвагIай эбелалда тIад букIаниги, гьелъие хIалае, кумекалъе дунги йикIунаан. Дагьай ягъа-ячаризе гIураб заманалда дун ячана Умулъе, дояркалъун. Гьелде тIаде гьенисан хер хвазе ниж рачунаан Болъикье, Идире, гьаризе кколаан цоги



хIалтIабиги. Хадуй дун ккана МухIамадие росасе.

**- Кин гьеб росасе кколей, кIудияб рокьи ккунищ?**

- Рокьи-кьал букIун гуроха, кьун. ВукIинчIо эмен, эбелги хвана хеккого. Назарил Залму ячIун йиго яцалъухъе дун кье абун, гьелъги кьун йиго. Дида гьикъиго кинабха букIинеб, дида абуна кирехун кьура-руссаниги тIаса кколареб, тIубачIого гIолареб иш бугин гьеб рос-рукъалде ин абун. Щиб жо, кинаб жо гьеб, дие бокьун гьечIо ине абун йиго дун, кколила ине абун руго дида. Кколила ине абун кьезеги кьуна.

**- Росасе ун хадуб дур рукIа-рахъин лъалеб хIалалъ хисанищ?**

- Дун ана МалъахIарие дояркалъун. Хеккого хвана МухIамад. Ясалъул рос (Квесо Шамил) авария ккун хварабго тана дояркаялъул хIалтIи. Хадуб дирго магIишат гьабизе (боцIи хьихьизе) ана Охьулае, гьенисан хьвадулаан МалъахIарие гъоба ижараялъе босараб картошкадул хурул тIалаб гьабизе. Пенсиялде инегIанго хIалтIана хIама гIадин, ун хадубги течIо гьеб, гьабичIеб хIалтIиги щвечIеб бакIги течIо. Макьу тун, квен гьечIого, цIоро-гьорон трудармиялда хIалтIана. Болъикьа больницаялъе баччана цIул, Алда рохьоса школалъе баччана, ГIарахъ магIарда вехьлъи гьабуна. Росулъа МалъахIарие лал базе хьвадана. ЙикIана, моцIалъ щуго гъурущги щун, мархьабазул хъаравуллъун, анлъго гъурушалъухъ гьабулаан Ула ХIажиясул гьабихъ бугеб ахалъул хIалтIи. МалъахIариб бекьулаан ролъ, гьухъ, картошка, гьениб гьабуна изнаводлъи. Колхозалъул боцIул, хур-хералъул гьабичIеб хIалтIи течIо дица, ботIрода тIад лъун гьабуна, йикIана свак тун колхоз борхизабулей.

**- МалъахIариб дуца ижараялъе босараб картошка кинаб хIисабалда букIараб духъ, чIезарурал шартIал мун разиял рукIанищ?**





- ГІахьал гьабураб гІадинаб букІана хІисаб, колхозалъ жидерго къадар нахъе бан, цо-цо хъап нижееги кьун – чІванкъотІараб долъул роцен кинаб букІараб абизе гьечІо гьанже ракІалда. Бегьиларо дун пашманго йикІанин абизе – гьоркьоб бекьараб хъабахъги букІана дие, букІана дицаго бекьараб чІанкІур, гьоло. Гьебги доб мехалъ бихьулаан цІакъ кІодого, кІудияб боцІи-рикъзи щвараб гІадин йикІунаан рокъое унаго хІамил гьегь цІезе жо щвани.

**- Дуда лъаралдаса нахъе мун хІалтІун йиго колхозалда. ГьабсагІаталда дуда гьикъани кинаб гІуцІиха букІараб колхоз абун, щиб дуца абилеб?**

- Байбихьуда колхоз гІезегІан лъикІго букІана, амма гьеб хеккого чар-чарлъана. Кин бугониги баракатаб жоги буго гьеб, гьаб жакъаги бокьилаан дие колхозалда хІалтІизе, кІолеб букІарабани. БукІана батІи-батІияб заман, ккана гІемерал хиса-басиял, букІана цІакъго хІалакъаб, захІматаб заманги, букІана мадарабги. Очералда чІун гурони кемпетал росизе щолареб мехалъги хІалтІана, тІубараб къоялъ хІалтІун 7,8,10 кІебекІ щвараб мехги букІана. БукІана дояркалъун хІалтІун лъагІелалъ 200 гъурущ щвараб, ролъул хъап 12 гъурщиде, 40 гъурщиде чакрил хъап бугеб заманги. Лъица-щиб бицаниги, кин-щиб букІун батаниги, доб колхозги бокьила дие, колхозалъул доб хІалтІиги бокьила.

**- Цадахъго, гІаммаб къагІидаялъ босун кинаб къиматдай дуца кьела доб заманаялъе?**

- Кваназе жо гьечІого гьути бакІарун, гьелъул карш хун рукІана, кІал ккураб моцІалъ квен гьечІолъиялъ нащал кванан, радал гьелъ ккун къаси гьелъ биччан йикІунаан дир эбел. ХІукуматалъ цІцІулаан нилъ: гьечІо дур гІака – гьечІониги кье нахул кило; гьечІо гІи – кье квас; гьечІо гІанкІу – кье хоно, гьеб къагІидаялда. Киналдаго тІаде тІамулаан заёмал хъвазе. Кьеларо абизе, хъваларо абизе киб кІвелеб, риххиялъ кІолароан, щибго жо нахъе гьечІезулги унаан цІан бахъун. БукІана зулму. ГІемераб захІмалъи бихьана, гІемераб кварилъи бихьана. Амма, балагьея мун, кин бугониги доб заман квешаб букІанинги абуларо дица, бокьуларо абизе.

**- Пенсия кигІан дуе бугеб жакъа къоялда, мун разияб бугищ гьеб къадар?**

- ГьанжелъизегІан цо кІуда-хІудаб жого букІинчІо дие. ГьабсагІаталда буго 5 азарго гъурущ. Дица гьабизе ккараб хІалтІул хІисаб гьабуни, гІемераб бугинги абиларо дица – хІалтІарав чияс босулеб жо батичІо дида гьеб пенсия, гІодов чІарас гурони. Цогидаб рахъалъан балагьани, разилъичІого ресги щиб гьелда – кьезего кьеларо, хІалтІичІого чІезе йикІарай абуни, щиб дица гьабилеб?

**- МахІачхъалаялде яхъун дур кколеб буго ункъо сон. Кин рагІун бугеб дуда гьаниб, ракІ бакъван гІемерай йикІунищ?**

- Шагьаралда щибго багьана букІинаро, амма дир ракІ гьолеб гьечІо гьаниб, дагьаб чІалгІун буго. Киналго шартІал руго, рахІат буго, цІакъго лъикІго йиго, щибго хІажатаб гьечІо, мугъада парччигун лъим цІезе ине кколеб гьечІо, хинаб рукъ буго, амма цо-цо мехалъ ккола щиб гьабизе дие гьаб шагьар, йикІарайани гьабсагІаталда дирго рокъой росулъ абун.

РекІелъ жакъаги йиго дун росулъе ун хур бекьулей, боцІи хьихьулей, дирго магІишат гьабулей…

Гара-чІваригьабуна ГІ. ГІабашиловас.

**НАДИР-ШАГЬАСУЛГУН РАГЪУЛ ЮБИЛЕЯЛДЕ**

## ТарихчагІи данделъизе бокьилаан

РакІалде ккола август моцІалда гІолохъабазул къоялда цадахъ тарихчагІазул (историказул) данделъи бакІаризе кІвелеб батилин абун. КІиго соналдаса 270 сон тІубала Пандаллъиялда рагъ ккаралдаса нахъе. Республикаялъул газетазда ва интерненталда хъвалеб жоялъул хІисаб гьабидал, гьеб рагъуда сверухъ бахІс жеги лъугІун гьечІилан ккола. Кинацаго яхІ бахъулеб буго хъабарча жидедего цІазе. Гьеб цІакъго цІани бихьун бачІина, амма тарих букІухъе хутІила.

Кин бугониги гьеб юбилеялда хурхун нилъер газеталда гьанжего макъалаби рачІани бокьилаан. Щайгурелъул, Полтаваялъул рагъ ккун 300 сон тІубай кІодо гьабулаго байбихьана цІияб рагъ: гьенир жал къечІилан шведал, жал бергьанилан гІурусал, гьеб рагъ сабаблъун жал эркенлъиялдаса махІрумлъанин, жидер бахІарчи Мазепа вугилан украинал, гьев хиянатчи вукІанилан гІурусал. Нилъерги гьебго жо ккечІого букІине данделъани лъикІ букІинаан.

ТІадежоялъе исана (22 август) 170 сон тІубала АхІулгохІда рагъ ккаралдаса нахъе, 25 августалда 150 сон тІубала Гъуниб рагъги ккун Кавказалъул рагъ лъугІаралдаса.

Маркъулазул МухІамад

**НИЛЪЕР МАДУГЬАЛЗАБИ**

## Кидаго цоцазе кумекалда

***ГІун бачІунеб гІелалда лъазе ккараб буго сугъулдерилги ругъеждерилги цебехун кидаго букІараб гьудуллъиялъулаб ва гІаданлъиялъулаб бухьен, кварилъи-захІмат тІаде бачІараб мехалъ гьез цоцазе гьабулеб букІараб кумек. Рехселин гьаниб цо чанго бицен.***

Надир-шагьасул гъужмазул хІасилалда кварилъи бачІун ракь хІалтІизабизе оцал рукІунаро сугъулдерил. Гьеб бичІчІун цо чамалиго жут оцазул битІун бачІуна ругъеждерица. Ракьги бекьун жидерго мурадги тІубан, рачун оцалгун сугъулдерил вакилзаби Ругъжаре щола. «Гьел оцал нахъруссине ритІарал рукІинчІин» абун ругъеждерица гьел тІадруссинарула.

* * *

Саланур гъанкъарал чагІазул, гьездаго гьоркьор сугъулдерилги жаназаби рукІуна чанго къоялъ кварида раралъурго. Ругъеждерица къасд гьабуна гьел гьениса рикъун рукъизе. Лъабго къокъаялдеги рикьун гьеб иш тІубазабуна къаси сардилъ. «Болгъон кІанцІ» кІкІалахъ хобалги рухъун, щаклъи ккечІого букІине сверухъ гъаратикан зазги чІчІун гьел рукъула.

* * *

Гуж-налог абун нухал къачІазе тІадаблъун гьабун букІана росабазул гІадамазда. Доб мехалъ Сугъралъ бихьинал дагьго хутІун рукІун, ругъеждерица хІакимзабазда гьарун буго сугъулдерие бугеб норма-участок жидедаго аскІоб кьеян, жидеца кумек гьабизе букІине.

* * *

Щибаб соналъ ТІолбоевазул турниралде щведал, тІадехун рехсаралги цогидалги нилъер умумузул гІаданлъиялъул хІужабиги ракІалде щвезарун, дие баркала загьир гьабула Мусаев ГІабдулагьица.

Нурудин МУСАЕВ,
Ругъжаб школалъул физкультураялъул учитель

НАШИ ГОСТИ

# Люди есть люди

***Турниралъул къоязда росулъ, нилъер гІагараб росулъа чи дагъал дагъго рукІаниги, дагъаб рикІкІада бугеб Польшаялдаса (Вроцлав шагъар) лъабго вакил вукІана Сугъралъ. – Марчин, Петр ва Ярек. Гьел ккола рекІун гучал мотоциклаздагун батІи-батІиял пачалихъазде щун, гьезул тарих, тІабигІат, гІадамазул рукІа-рахъин ва гь.ц. лъазабулел, абизе бегьула, гІолохъаби. Аваданал, гІадатиял, рагьарал, ракІ жубарал гьезулгун ккана нижер ракІалдаго гьечІеб гара-чІвари.***



***- Как вы выбираете страну очередной поездки, цель поездки, в каких странах вы уже побывали, и от какой страны остались самые яркие впечатления?***

*- Цель наших поездок – своими глазами видеть, смотреть и познать мир. Мы перед выездом читаем о стране, собираем информацию и едем. Мы были в Сирии, Ливане, Турции, Армении, Грузии, в Балканских странах, в Прибалтике, Украине, в России. Во всем мире все большие города похожи друг на друга, они одинаковы, мы не заезжаем в такие города. Мы любим бывать в нетронутых цивилизацией местах, в маленьких городах и селах, встречаться с простыми людьми. Впечатления в каждой стране свои, невозможно что-то выделить.*

***- В Дагестане вы впервые. Как вам наша республика, чем она удивила, что понравилось, а что нет?***

*- Очень жарко. Это другой край, другая страна. Люди (очень открытые, гостеприимные) другие, религия другая, природа другая. Все здесь хорошо, но нам не понравилась ваша милиция, они хотят от нас только денег, много денег. Нарушили мы или нет, у них одно желание – деньги, деньги, деньги – нам это очень не понравилось.*

***- В Польше не так?***

*- В Польше уже не так. Полицейский возьмет денег – он сразу пойдет в тюрьму.*

***- Согратль. Вы здесь уже целые сутки. Что бы вы могли сказать о нашем селении?***

*- Мы очень долго ехали сюда по горам. Мы думали это маленькая деревня, а приехали… очень хорошее место, большое село, хорошая школа.*

*Здесь все по-другому, природа прекрасная, хорошие места для туризма. В Польше если ты будешь где-нибудь сидеть, стоять, никто к тебе не подойдет, ничего не спросит. А здесь один подходит, второй, третий, все спрашивают где вы спали, где кушали, говорят идем к нам на чай…*

***- Как вам наша кухня? Что в ней понравилось, а что нет?***

*- Для нас она как грузинская, совсем не похожа на польскую, но очень все вкусно, нам понравилось. Понравились эти … чуду… беркал, хинкал. Но очень много жирного, это не для нас, мы не привыкли к нему.*

***- То, что здесь нет особых бытовых условий – воды, канализации и т.д. как вы восприняли?***

*- Мы знали куда едем, знали что так и будет, а раз знали, то и проблем нет, это не трагедия. Если бы мы приехали с женщинами, то для них это было бы сложно, а для нас достаточно и того что есть.*

***- А то, что здесь очень много заброшенных, пустых домов?***

*- Мы это понимаем. Во всем мире, и в Польше в том числе, молодежь уезжает в города, а в селах остаются старики. Но в Польше дома очень дорогие (со временем и у вас будут такие) и когда кто-то переезжает в город, он ремонтирует дом или продает, но никогда не бросит его.*

***- И в завершении – как по-вашему, есть у нас что-то общее или мы совершенно разные?***

*- Нельзя говорить, что эти хорошие, а те плохие, каждый интересен по своему. Люди есть люди.*

*Беседовал А.АБАШИЛОВ.*

ФОТОФАКТ



***Нахарохьоб кІкІалахъ бараб цІияб кьо***

## НАШИ МЕДАЛИСТЫ

*Гьаб номералда нижеца кьолеб буго Сугъралъ гьоркьохъеб школа (гимназия) меседил ялъуни гІарцул медальгун лъугІаразул сияхІ. Лъала сияхІ гІуцІулаго нижедаса гъалатІал ккезе рес букІин (кигІан нижее бокьичІониги). Буго хьул гьеб хІужа газета цІалулезда, хасго медаль щун нижеца хъвачІого гьоркьор хутІаразда (гьезул гІагарлъиялда), битІун бичІчІилин ва, нижедехун лъикІал гьечІел рагІабиги речІчІичІого тезе яхІ бахъун, мухІканал баянал нижеда лъазарилин абураб. Гьел нижеца гьираялда къабул гьарила ва тІасияб номералда рахъила. Гьелдаго цадахъ буго цойги гьари – МахІачхъалаялда ялъуни цогидал шагьарал-росабалъ медальгун школа лъугІарал нилъер росуцоязул цІаралги лъазаре нижеда. Хадубккун гьезул сияхІги бахъине буго газеталда. Баркала.*

***Согратлинская средняя школа***

***1950 г.*** *1. Гасангусейнов Гаджи Гасангусейнович (серебро)*
***1952 г.*** *2. Юсупов Магомед Юсупович (золото)*
*3. Убайдатов Али Саидмагомедович (золото)*
***1954 г.*** *4. Таваков Абдула Османович (серебро)*
*5. Каримов Магомед Ахмедович (золото)*
***1957 г.*** *6. Убайдатов Магомед Саидмагомедович (серебро)*
***1960 г.*** *7. Абдулаева Патимат Магомедовна (серебро)*
***1966 г.*** *8. Шарбузов Назир Магомедович (серебро)*
*9. Касумов Магомед Касумович (золото)*
*10. Махатилов Абдула Магомедгаджиевич (золото)*
*11. Захралов Абдулагаджи Магомедтагирович (золото)*
*12. Абашилова Раисат Магомедовна (золото)*
*13. Абигасанов Абдула Абдурахманович (золото)*
*14. Багинов Магомед Абдулаевич (золото)*
***1967 г.*** *15. Хазамов Гаджи Омарович (серебро)*
*16. Хуршилов Хурш Магомедович (серебро)*
*17. Абашилова Хадижат Магомедовна (серебро)*
***1968 г.*** *18. Хачалов Магомед Багавудинович (серебро)*
*19. Варисов Магомедзагид Варисович (золото)*
***1971 г.*** *20. Ахмедов Багавдин Абдулагаджиевич (золото)*
***1972 г.*** *21. Гусейнов Гусейн Магомедгаджиевич (золото)*
***1973 г.*** *22. Абакаров Магомед Абдулаевич (золото)*
*23. Исаев Исрапил Ахмедович (золото)*
***1974 г.*** *24. Абакаров Абакар Абдулаевич (золото)*
*25. Таваков Осман Магомедович (золото)*
***1975 г.*** *26. Кадиров Абдулкадир Магомедович (золото)*
*27. Варисов Шамиль Варисович (золото)*
*28. Газилалиев Абдула Газимагомедович (золото)*
*29. Толбоев Ризван Мусагаджиевич (золото)*
*30. Багинова Хадижат Багиновна (золото)*
*31. Хазамов Али Омарович (золото)*
***1976 г.*** *32. Хачалов Гаджи Багавудинович (золото)*
*33. Баарова Патимат Алиевна (золото)*
*34. Газилалиева Сарат Магомедовна (золото)*
***1977 г.*** *35. Баачева Гульжаган Абдулаевна (золото)*
*36. Мелесова Марям Абдулбасировна (золото)*
***1978 г.*** *37. Патахов Магомед Абдулаевич (золото)*
*38. Черкасов Ахмед Магомедович (золото)*
***1980 г.*** *39. БооловМагомед Шарипилавович (золото)*
*40. Газимагомедов Ахмед Магомедсаламович (золото)*
*41. Дарбишев Абдула Магомедович (золото)*
***1981 г.*** *42. Чинтилов Абдурахмангаджи Магомедович (золото)*
*43. Тавакова Патимат Касимовна (золото)*
*44. Патахов Шамиль Абдулаевич (золото)*
*45. Махмудов Абдула Магомедович (золото)*
*46. Закарялова Асият Абдулманаповна (золото)*
***1982 г.*** *47. Шайхалов Саид Магомедович (золото)*
*48. Баачев Мурад Абдулаевич (золото)*
*49. Камалов Гаджимурад Магомедович (золото)*
***1983 г.*** *50. Хазамова Марям Алиевна (золото)*
***1990 г.*** *51. Атрачева Сакинат Ахмедовна (серебро)*
*52. Мусалова Анжела Омаровна (серебро)*
***1991 г.*** *53. Агаева Сарат Магомедовна (серебро)*
*54. Дамаданова Патимат Абусупяновна (серебро)*
*55. Касумова Айшат Магомедовна (серебро)*
*56. Энхова Сапра Шапигаджиевна (серебро)*
***1993 г.*** *57. Ахмедилов Абдулмалик Далгатович (серебро)*
*58. Якубов Ахмед Абакарович (серебро)*
***1994 г.*** *59. Уцова Айшат Абдулаевна (серебро)*
***1996 г.*** *60. Атрачева Патимат Ахмедовна (серебро)*
***1998 г.*** *61. Уцов Мурад Абдулаевич (серебро)*
*62. Хачаибрагимов Магомед Магомедович (серебро)*
***1999 г.*** *63. Алиев Шамиль Абдулаевич (серебро)*
*64. Дамаданова Эльмира Шамиловна (серебро)*
***2000 г.*** *65. Мусаев Карим Магомедович (золото)*
*66. Мухучев Шамиль Магомедович (серебро)*
***2001 г.*** *67. Мухучев Абдурахман Абдулаевич (серебро)*
*68. Шейхалиев Заур Абдулаевич (серебро)*
***2002 г.*** *69. Бадавиева Рахмат Ахмеддибировна (серебро)*
***2003 г.*** *70. Мухучева Патимат Магомедовна (серебро)*
***2004 г.*** *71. Бахулова Асият Магомедовна (золото)*
*72. Хачаибрагимова Саида Абдулварисовна (золото)*
***2006 г.*** *73. Абакарова Диана Магомедовна (золото)*
*74. Бахулова Айшат Магомедовна (серебро)*
*75 Юсупова Гаджипатина Мурадовна (золото)*

## ФОТОФАКТ



Абдуразак СОГРАТЛИНСКИЙ

# Восстание 1877 года

*Перевод с арабского Х. А. Омарова*

*(Начало в предыдущих номерах)*

*Среди тех, кто вступил в рукопашную схватку у согратлинского укрепления, был и павший герой Джавадхан Телетлинский. Они врывались между рядов карателей с обнаженными саблями и обращали их в бегство, внушая страх и ужас нижним чинам. Однако, когда их осталось в живых очень мало, не более 30, то они отступили в укрепление и вновь, раненные, утопая в крови, совершали броски, опираясь на руки и колени. После удаления из согратлинской крепости они «опустили поводья» и оставили дело проклятым и лицемерам. Такова судьба всякого, кто строит (пристанище) на краю развалившегося обрыва.*

*Затем, после гибели знатных людей, засевших в этом укреплении, среди которых были бесстрашный Тутукай, известный Джавадхан и другие, было заключено злосчастное примирение.*

*Царские войска взяли в плен оставшихся уважаемых беженцев, ученых, наибов из общества Сограть, также и со всех сел Дагестана и всех, кто был на стороне восставших. Они не оставляли никого, не считаясь с его физическими недостатками или ранами. Так они арестовали большинство передовых людей. В Дагестане остался редко кто, кого не постигло бедствие этого восстания: либо был убит, либо арестован, либо повешен, либо ограблен, либо ранен, если не сам, то кто-то из рода его.*

*Количество арестованных из этого селения достигло семисот человек. Столько же из селения Казикумух и столько же из Цудахара. Число всех арестованных вместе с женщинами и детьми достигло семнадцати тысяч человек.*

*Селение Сограть перевернули вверх дном. Арестованных замучили в казематах крепостей. Из числа знатных людей - участников восстания и направлявших его, царские власти не отправили в Сибирь вместе с арестованными, а задержали их у себя на некоторое время. Затем пришел приказ в села, чтобы явились по одному, два и три человека из каждого селения в Гуниб для того, чтобы смотреть там, как царские власти будут поступать с этими знатными гордыми людьми. Они повесили их в пятничный день под крепостью Гуниб на побережье реки на виду этих присутствующих из сел. А повешенные - это почитаемые люди из мусульман, самые храбрые из них: их ученые и их хаджии.*



*Были казнены хаджи Махаммад из Согратля, который был провозглашен имамом, сын шейха известного хаджи Абдурахмана, великолепный ученый Абдулхаким, сын покойного ученого Амируломара, ученый хаджи Абдуллах, сын учёного Омара, сына хаджи Ризвана из Согратля, молодой человек знатного происхождения благочестивый Омар, сын Рамазана из Согратля, известный факих хаджи Хамзат, сын Мирзы, прославившийся храбростью и совершенством ума в войнах и испытаниях, «храбрый лев» своего времени, ныне дряхлый старик Муртазаали из Телетля, «бесстрашный лев» Али Омарилав, хаджи Аббас из Ансалта, пришедший посыльным с письмом от сына Шамиля Газимахаммада, наиб Абдулмаджид-бек, Зубейр, сын Башир-бека, хаджи, сын Катака, оба из Кумуха; ученый Абдуллах из Цулды, молодой человек, который был выше упомянут в жарких схватках кровавой бойни, - Никакади из Цудахара.*

*Те, число которых названо выше, были высланы на чужбину и распределены по городам, как семена по посевному полю. Трудно им жилось. Их преследовали разные болезни в этих российских краях из-за того, что климат там им не подходил. Большинство умерло на местах заключения - да помилует Всевышний их и нас.*

*В таком положении они пребывали около пяти лет. Затем на шестом году пребывания в ссылке они были амнистированы новым царем из-за сострадания к ним. Они избавились от заключения с выходом помилования великого падишаха, который вступил на престол на место своего убитого отца, и им было позволено возвратиться на родину. Они вернулись благополучно, кроме тех, которые в том году находились в ссылке в Саратовской губернии. А остальные возвратились на седьмом году заключения.*

*Хаджи Абдурахман из Согратля был сослан царскими властями в селение Казанище. Его содержал в своем доме известный Абдулкадир, переводчик Меликова, оказывая ему почет и уважение. Он умер в Казанище, похоронен там же. До отправления в Сибирь в темирханшуринской тюрьме умер ученый правовед Газимахаммад из Бацада. Джафар-хан, сын Аглар-хана, деспота из Кумуха и похоронен на исламском кладбище селения Казанище.*

**Инквачилав (М. П.)**
**Переписано со списка автора сочинения Абдуразака Согратлинского в 1925 г. в с. Сограть.**

КУЧІДУЛ

# Дуниял тирула, сверун бачІуна

*Мехх барав чиясда гІемер бихьула:*
*Берзул канлъи сварал гІажизлъун ккола,*
*Лъимал гІун рачІуна, херлъарал хола,*
*Хъван къадар бугелъул, кире нилъ инел,*
*Гьединаб бугелъул къисматалъул нух.*
*Кинабго тирула, сверун бачІуна,*
*Сверухъе балагьун хІисабал гьаре:*
*ХІал бакІал бечедал гъоркье реххана,*
*Инкъилаб бергьана, багІарал щвана,*
*Щущахъ бан биххана хъахІазул аскар.*
*Бечедал рукІарал мискинлъун ккана,*
*ХъахІаллъун рукІарал багІарлъун ккана,*
*БагІаразул лъимал ишазда тана.*
*Хъвана кинацаго анкетазда тІад:*
*«Ниж бищун язихъал мискинчагІазул*
*Хъизаназда гьоркьор гьарун рукІанин»,*
*Гьезиеги хъулухъ камун хутІичІо.*
*Дуниял тирана, сверун бачІана:*
*БагІаразул гІумро къокъаб батана,*
*БачІана цІидасан добго замана.*
*Гьанже анкетазул мода гьечІелъул,*
*Сон багІарлъун ккарал хъахІазул лъимаз,*
*Ришваталги росун бечелъун ккараз,*
*Ниж ахъ-падишагьил инаралазул*
*Ва Доб заманалъул заводчиказул*
*Наслу бугин абун тІахьал хъван руго.*
*Руго тІахьал хъвалел хъахІаз гурелги,*
*Гьездаго релълъине ургъунги рахъун,*
*Сон къадги багІарал коммунистазги.*

*Нилъер умумузул боцІцІи букІараб*
*Жидерго захІматалъ гІуцІцІун, бакІарун.*
*Бегьилищ гьеб боцІцІид бащад гьабизе*
*ЗахІмат гьабичІого, хІал кокичІого,*
*ХІиллаялъ босараб боцІцІуда данде?*

*Цин бикьун, цин бикъун, цин хъамун щвараб*
*БоцІцІуе хІелулел гІемерлъун ругин,*
*Къилба хисун ккарал жагьилчагІаца*
*Какал ралел ругин мулкалде руссун.*
*ЦІидасан инкъилаб тІадбуссун щвани,*
*ТІабигІиял кьерал гІеладай нилъей?*
*Заманалда рекъон кьер хисун кколеб*
*Хамелеонлъун нилъ сверун инадай?*
*Цогиги гІаламат – гІолохъабаца*
*Какал ралел руго властазде руссун,*
*ЦІиял равхІанияз* малъула гьезда*
*Гьеб нилъеда тІадаб налъи бугилан.*
*Батизе бегьула Дагъистаналда*
*ГІараб мацІ лъалел чи гІемерлъун нилъер,*
*Къур'ан-хІадис лъазе, гІелму босизе*
*ГІараб ракьалде гьаз нух къалеб бугеб.*
*Дун шагІирги гуро гІалимги гуро,*
*ГІемерал ратила дирги гьалатІал.*
*Гьаб дица бицунеб баянаб хабар*
*Нилъей киназего загьираб буго.*
*РакІчІун лъала дида тІад лъураб налъи:*
*ГІицІго цо вугесе тІагІатал гьари.*
*Гьев тун батІиясе какал ралев чи*
*Чорокал ишазул устар ватула.*

***

*Гьалда гъоркь цІар лъезе хІажат букІинчІо.*
*ЦІар гъоркь гьечІеб хабар, дир хІисабалда,*
*Сурукъаб, къабихІаб гьереси ккола.*
*ГІицІго гьеб сабаблъун хъвала дирго цІар.*

ГУКОВИ.М.

* «ЦІиял равхІаниял» абурал рагІабазул магІна гьаниб буго: Магьди МахІамадил, Назаров Назарил, ШагІманов МухІамадил ва гьел гурел цогидалги гІемерал тІадегІанаб гІелму цІаларал гІалимзабазул ирс щвечІел ва гьеб лъаларел равхІаниял абураб.

ФОТОФАКТ





БахІаразе нух къан чІарал лъимал. МитІлиб, 12 июнь.

ИСТОРИЧЕСКАЯ ПРОЗА

**Муртазаали ДУГРИЧИЛОВ:**

# Одиссея

*(Начало в предыдущем номере)*

– Подожди, - приказал Бахауддин, - вот здесь турецкие казармы.

У ворот Бахауддина удивленно оглядел часовой.

– Позови Нури-пашу, - по-турецки приказал ему Бахауддин.

– А ты кто-такой? - попытался изгаляться часовой, не спуская глаз с русской шинели.

– Скажи, к нему пришел внук шамилевского наиба, полковник Бахаутдин Хурш.

– Внук шейха Шамиля!

– Его наиба!

– Бирдакка, эфендим, бирдакка*, - уважительно засуетился часовой, что-то кому-то передал за ворота. Через несколько минут, широко растворив их, вышел улыбающийся Нури-паша.

–Эфендим! Ханым, - радостно развел он руками, приглашая гостей, - риджа эдерим, риджа эдерим**

– Это - моя двоюродная сестра, Джавгарат-ханым, -представил Бахауддин спутницу.

Нури-паша, заочно знакомый с Б. Хуршем по рассказам Н. Гоцинского, не преминул продемонстрировать свое внимание к его персоне и свой интерес.

– Не знаю, ханым, что острее у Вашего брата - шашка или язык. Нажмуддин-бей рассказывал мне, как однажды перед сражением Бахауддин-бей предложил имаму свой план проведения военной операции. Имам не послушался и… проиграл бой, после чего покорно вздохнул: «Это - воля Аллаха!». На это Бахауддин-бей ответил ему: «Нет, это - твое безволие».

Вдруг, невесть откуда сорвавшись, с радостным ржанием галопируя по двору, к Джавгарат подбежал ослепительно белый арабский скакун с болтающимся ленчиком. Он сразу узнал свою хозяйку.

Нури-паша в немом удивлении поглядывал то на Бахауддина, то на его сестру, то на скакуна.

– Джавгарат пожаловалась мне, что в отсутствие ее отца у них со двора увели этого скакуна, - объяснил Бахауддин.

– Кто увел? Найти немедленно, - взревел Нури-паша.

–Не надо искать, мы прощаем его, - сказал Бахауддин, но тебе я хочу сказать. Вчера мой зять Бутай - он известный во всем Дагестане лекарь - проведал мне об одном случае, свидетелем которого он был в Кумухе. Турецкий офицер шел с денщиком, а навстречу им шел известный в Лакии Аминтаев с другом. Аминтаев говорил о политике, о том, что наши братья турки приехали, чтобы помочь прогнать большевиков и Деникина. Вдруг обе пары остановились лицом к лицу. Аминтаев собирался было дружелюбно протянуть руку офицеру, но в следующее мгновение тот приказал денщику снять поклажу а Аминтаеву жестом указал: бери и неси дальше. Аминтаев отказался, а когда турецкий офицер взмахнул нагайкой, Аминтаев успел заколоть его кинжалом. Недавнему вашему другу ничего не оставалось, как податься в большевики. Ты задумайся, Нури-паша, над этим фактом. Разъясни своим солдатам для чего они здесь. Мы не дождались вас при Шамиле, мы не дождались вас в 1877 году, так неужели сегодня мы дождались вас для этого?! Нам нужна взаимопомощь, а не взаимовражда.

Нури-паша пристыженно молчал и обещал разобраться. Поинтересовался, почему Бахауддин в русской шинели. «Другой не выдали», - горько усмехнулся он. «Возьми нашу», - загадочно предложил Нури-паша, - «Боюсь, что скоро вы сами переоденетесь в кавказскую форму: ты разве не слышал, что Горское правительство пытается удержать вас изменением вашего национального статуса?»

Нури-паша, конечно же, слышал об этом, но разговор казался ему преждевременным: рано выдавать свое отношение к тайной акции Горского правительства.

## 3. РОДОСЛОВНАЯ

…Дом был пуст. В 1912 году сюда из Согратля перебрался отец Бахауддина Абдулла с женой, сыновьями Магомедом и Ахмедом и дочерью Атикат.

Близнецы-мальчики сразу же поступили на учебу в реальное училище. Но вскоре тяжелая семейная драма вынудила Магомеда (будущего писателя, автора первого дагестанского романа «Сулак-свидетель») оставить родительский дом.

Случилась она в начале 1917 года. В России свершилась буржуазная революция (а это - испытание не только для впечатлительного подростка, но и для зрелого ума). Большую часть времени Магомед и Ахмед проводили в училище и на улице и, конечно же, не могли не слышать подкупающих лозунгов большевиков, об их борьбе с «царскими колонизаторами» и с муллами, против которых в свое время боролся Шамиль. Бахауддин же отзывался обо всем этом иначе, хотя и не углублялся в темы…

Однажды Абдулла заявил домочадцам о своем намерении жениться вторично. Мать приняла это решение безропотно, но Бахауддин вызвал отца на принципиальный разговор. К тому времени он был самостоятельным мужчиной. Участник Мировой войны, полный Георгиевский кавалер, награжденный командованием золотой шашкой, он производил впечатление одной своей внешностью. Поговаривали о его романе с Тату Булач, хотя Бахауддин напрочь отрицал эти слухи. Так вот, наградная шашка висела на ковре и редко когда младшие братья видели ее обнаженной, несмотря на то, что слезно просили Бахауддина показать, остра ли она.

В тот роковой для Хуршиловых день младшие дети, напуганные скандалом, с ужасом созерцали оружие, вынутое старшим братом из ножен.

– Выбирай, она или мы! - поставил условие отцу Бахауддин.

– Она, - невозмутимо ответил диван-бек, имея ввиду, конечно же, свою пассию, не желая терять от-

* Минуту господин, минуту! (тур.)

** Прошу вас. (тур.)

# Бахауддина Хурша

цовской амбиции и добавил, воздев руки к небесам:

- Проклятье Аллаха над нашим тухумом. Сыновья и отцы друг против друга…

– Тогда знай, - прервал его Бахауддин, - что отныне у тебя нет детей! - и, держа шашку с обеих концов, переломал ее о колено.

Швырнув обломки к отцовским стопам, он схватил в охапку братьев с сестрой и вышел из дому… Можно себе представить, какой отпечаток наложила эта сцена на неокрепшие детские души.

На протяжении нескольких поколений важнейшие социально-политические явления не обходили стороной род Хуршиловых. Более того, они оставляли трагический отпечаток, разводя по враждующим станам единокровных братьев, отцов с сыновьями. Достаточно вспоминать, что дед Бахауддина во время восстания 1877 года воевал на стороне царской администрации, подавлял мятежников, в рядах которых был его отец - Нур-Мухаммед Хурш. Такой же раскол намечался в семье Хуршиловых и сейчас.

Своенравный Магомед после семейной сцены ушел скитаться. Пешком, на перекладных, на крышах поездов он добрался до Баку, пытаясь, помимо старших, самому разобраться в сути происходящих событий. Там, в Баку и застала его Октябрьская революция.

На булыжных мостовых, в толпе манифестантов, в рабочих кварталах и на шумных проспектах худенький черноволосый подросток в оборванной одежде бегал с кипой газет и выкрикивал: «Бакинский рабочий! Берите «Бакинский рабочий!»

Кто бы мог подумать, что этот бойкий полуголодный сорванец, устроившийся работать при редакции пролетарской газеты - отпрыск шамилевского наиба и брат царского полковника, твердо решивший стать большевиком.

Несомненно, связь с большевистским органом, поручения которого Магомед выполнял с гордостью, и рассказы сотрудников дали ему большой материал для романа «Сулак-Свидетель», о котором впоследствии, в эмиграции, Бахауддин отзовется так: «Продался! И за какую цену продался!»

По-своему заразился политикой и диван-бек Абдулла Хуршилов, правда, Бахауддин подозревал, что он заигрывал с социалистами в пику своему сыну.

Во всяком случае, другого объяснения его эпистолярной политологии он не находил, всякий раз перечитывая письмо отца:

*«От Абдуллы Хуршилова Махачу Дахадаеву. Большой салам и привет дорогому младшему брату Магомеду-Али! А затем. Желание: Бог тебе в помощь. Пусть задуманное тобой дело и то, что ты делаешь будет угодно и Богу, и народу.*

*Во-вторых: хочу тебе рассказать, мой младший брат, о тех людях, которые бесчинствуют в нашем Гунибском округе. Этот Узун-хаджи из Салтов совершает большие опустошения в округе. Наши согратлинские простолюдины, поверив ему, пошли за ним. Даже те, кому нельзя быть и чабаном, наделены теперь властью и совершают всякие недопустимые вещи.*

*Испорчен порядок, при котором люди и джамаат могли избирать своих представителей власти. И это испортил Узун-хаджи. Покушаются на общий фонд и даже на сиротский фонд, объясняя это тем, что нужно тратить деньги на подготовку в армию молодых людей, которые даже не молятся и не постятся.*

*Тех, кто не называет имамом Гоцинского Нажмудина, а его шейхом-Узун-хаджи, кто не признает сотников - векилями, наказывают. Вводят смуту в населении. Если кто-то пытается сказать правду - называют изменником.*

*Письма, которые приходят свыше, читают в своих узких кругах, а населению не дают знать об их содержании.*

*Сотник, который был в Согратле, якобы получил приказ от имама и отправился в Дженгутай, а с ним и Узун-хаджи. Учти это. Выясни - для чего они поехали. Они вооружены до зубов.*

*В наших краях деспотизм их хуже деспотизма николаевского. Если ты и твои друзья оставите народ в его страдании, имея возможность помочь ему, то вы ответите за это в День Страшного Суда. Знайте, что Всевышний потребует ответа от вас.*

*Что нужно нашему народу? - Распространения закона, по которому правили бы жизнь люди избранные. Есть еще о чем писать, но я сказал коротко. Так показалось разумным. Недосказанное - передаст Аббас.*

*Еще. Постарайся проследить: если кто-то отправится в Шуру от нас, то это - не народные поверенные. Они выбраны не общиной, а самозванцы. На самом деле наша община готова отправить настоящих своих представителей. Если захотите подтверждения - мы подтвердим телеграфом.*

**Твой брат Абдулла Хуршилов.**
*7.01.1918 г*»*

Это письмо стоило бы жизни отцу, поэтому Бахауддин всегда держал его при себе. «Неужели отец - информатор Махача и большевиков?» - не верилось ему.

Незадолго до дня написания письма Военно-революционный комитет Кавказской Армии издал приказ, в котором говорились, что капиталисты и помещики на Северном Кавказе искусственно захватили власть и сеют рознь между народами (Имелось в виду Горское правительство).

В связи с этим солдатам революционной Кавказской армии приказывалось: «Не допускать этого» и прочее. Очевидно, отец внимательно изучил этот приказ, поверил в силу большевиков и сделал ставку на Махача, в надежде заполучить должность в очередном правительстве. «Но я – то их знаю, большевиков» - ухмылялся Бахауддин.

***(Продолжение следует)***

* Письмо написано на аварском языке дагестанским насхом и хранится в архиве племянника Б. Хурша М. Бутаева.

ДИН ВА ГIУМРУ

# Как тарал гIадамазул хIакъикъат

**Как тей буго чи Исламияб уммаялдаса къватIиве унеб, ва чи тIуванго капурлъулеб къабихIаб пиша. Гьел как тарал гIадамазул кинабгIаги лъикIаб гIамал Аллагьас къабул гьабулало, ва гьезул гьариги къабул гьабуларо, ва гьезие Аллагьасул рахъалдасан я цIуни я кумек букIунаро. Аллагьас цIуничIев чиясул магIишатги, гIумруги кинаб букIунебали бихьизе жакъа нилъеда цебе буго пикру гьабулев чиясе.**

ТIадегIанав Аллагьас гьезул хIакъалъулъ гьадин хъвалеб буго Къураналда: «Щив чи вугониги, Аллагьасдаги божуларев, какги баларев, ислам-диналдаги хадув вилълъунарев, Аллагьас гьесиеги ва гьев гIадал цогидазеги гIумруги магIишатги захIмат гьабизе буго ва ахирисеб хIисаб-суал гьабулеб къоялъ бецаллъун ва гIинкъаллъун рахьинаризе руго хабалъан тIаде» (сура 20, аят 124).

Гьединлъидал какги баларев, ислам-динги гьечIев чиясе гьаб дунялалда магIишат гьабизеги, гIумру гьабизеги цIакъго захIматго букIуна, гьеб захIмат букIунеблъи нилъерго умумузул гIумруялда балагьунги бихьана, цинги хун хадуб хабалъги гIазаб букIуна гьел чагIазе, ва ахир хIисаб-суал гьабулеб къоялъ бецавлъун ва гIинкъавлъун вахьина тIаде ва хадув гьевги лъугьина абадиялъго жужахIалде.

Цингиги ТIадегIанав Аллагьас Къураналда абулеб буго: «Ва лъугьана цо халкъул-гIалам цо квешаб нухде, тана гьез как ва дин, ва гьабуна жидерго чорхол гьава-цIаялъе бокьараб жо ва гьездаги гIумруялда дандчIваларо пашманлъиги хвелги гурони. Ва амма жал кантIарал, тавбуги гьабун Аллагьасде руссарал, какги балел, лъикIал гIамалалги гьарулел - гьел чагIи руго жидеца Аллагьасда иман лъурал ва гьелги лъугьина алжаналде ва гьезиеги букIинаро я хIинкъи я пашманлъи» (сура 19, аят 59-60).

Цингиги ТIадегIанав Аллагьас Къураналда абулеб буго: «Квешаб гIазаб буго жидеца какида аскIоб ургъел гьечIолъи биччарал чагIазе» (сура 107, аят4-5). ЖужахIалда рукIунел гIадамазул хIакъалъулъ ТIадегIанав Аллагьас Къураналда абулеб буго: «ЖужахIалъул агьлуялда гьикъараб мехалъ "Сунца нуж ккезарурул гьаб гIазабалде" абун, гьез жаваб кьола "Нижеца как базеги инкар гьабуна, нижеца мискинзабазе садакъаги кьечIо, нижеца ахирисеб хIисаб-суал гьабулеб къоги гьереси гьабуна", - ян» (сура74, аят42-48).

Гьединго нилъеда гIемер рагIана, хасго кIудиял ва цIаларал чагIаз абулеб: «Радал вахъун как баравги ва гIолоханго лъади ячаравги чи пашманлъуларила» - абун. Гьеб рагIи тасдикъ гьабула аварагасул (с.т. гI.в.) хIадисалъги: «Я дир бетIергьан Аллагь! Дуца, радалго рахъун как балел дир умматалъул гIадамазда баракатги лъейги ва гьезул цIарги лъикIал гIадамазда гьоркьоб хъвайги» (Ат-Тирмизи).

ТIадегIанав Аллагь цо вукIиналда ракIги чIезаби, какги бай, закагIатги бахъи, кIал кколеб моцIалъ кIалги кквей, рес бугев чи хIажалдеги ин, гьединго Аллагьас хIарам гьабураб - хIарам гьаби, хIалал гьабураб - хIалал гьаби - гьеб буго киналго аварагзабазул (гI.с.) нух, ва гьеб нух кквезе щибав бусурбанчиясда тIадаб буго.

Какги-динги гьечIел къавмазда тIаде Аллагьас, нилъеда историялда бихьухъе, батIи-батIиял унтаби, балагьал, захIмалъаби риччала. Гьелда хадубги гьеб халкъ кантIичIони, какги бан Аллагьасул нухде руссинчIони, гьединал халкъал дунялалдасаго лъугIула. Гьедин лъугIарал гIемерал халкъал ва кIуди-кIудиял цивилизациябиги нилъеда лъала ва ра-

ФОТОФАКТ







гIана. Гьединлъидал кинабго нилъер гIумруги, яшавги, нилъер талихIги, нилъер сахлъиги, нилъеда сверухъ парахалъиги, кинабго баракатги - гьеб кинабго буго ТIадегIанав Аллагьасда кодоб бугеб нигIмат ва нилъецаги гьеб тIалаб гьабизе ккола Аллагьасдаги гьарун - Аллагьас бихьизе гьабураб къагIидаялъ.

Гьаб бакIалда рекъараб, бицинчIого гIолареб гьадинаб хIадис буго аварагасул (с.т.гI.в.): «Щив чи вугониги, жинца как баларев ялъуни как тарав, гьев чиясул ихтияр гьечIо щибниги жо Аллагьасда гьаризе яги тIалаб гьабизе» (Ибну Маджа).

Цо гIалимчиясул гьадинаб рагIи буго: «КIудиял ва херал гIадамаз какги бачIони ва Аллагьасдехун гьари-дугIаги гьабичIони, ва гIолохъанаб гIелалъ Аллагьасул нухги шаргIги кквечIони, гьеб халкъалда тIаде Аллагьас батIибатIиял унтаби ва балагьал риччала ва гьеб халкъалъул лъикIаб гIумруялдеги ва ахираталдеги хьулал гьечIо».

ТIадегIанав Аллагьас Къуранaлда абулеб буго: «Нужеца как байила, нуж как баялдалъун Аллагьас квешлъиялдасаги, мункараб жоялдасаги цIунилила» (сура 29, аят 45). Гьелдаго хурхун аварагасул (с.т.гI.в.) хIадисги буго: «ТIоцебе хIисаб-суал гьабулеб къоялъ инсанасдасан Аллагьас тIалаб гьабула какил суал. Как битIарав чиясул кинабго гIамалги Аллагьас битIизабула» (Ат Тирмизи. Ибну Маджа). Гьединго аварагасул (с.т.гI.в.) гьадинаб рагIи буго: «Аллагьасда бугеб божел-иманалдаги ва ширк-куфруялдаги гьоркьоб гIорхъи чIвалеб жо КАК бугин» - абун (Муслим. Абу Давуд).

ХIурматияб жамагIат, гьале гьаб нух буго нилъеда аварагзабаз бихьизабураб. ТIадегIанав Аллагьас нилъ киналго тIоритIаги гьеб нухгун ва нилъги цIунаги Аллагьас шайтIаналъул вас-васиялдасаги ва ислам-диналъул тушбабаздасанги. Гьединго щибаб рецц буго нилъ рижарав, нилъ хьихьулев зобал-ракьазул бетIергьан тIадегIанав Аллагьасе ва салат-ссалам буго МухIаммад аварагасдеги, гьесул хъизам-агьлуялдеги ва гьесул киналго асхIабзабаздеги.

ГIисакъилвасГIабдуллагьхIажияв

## ГIандаллъиялъе рузнама
## (июль моцI)

| къо | рогьла | бакъ бакки | къаде | бакъа-ниде | маркIа-чIуде | бого-лиде | къоялъул халалъи | сардил бащалъи | сардил ахир.1/3 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 3:37 | 5:19 | 12:56 | 4:59 | 8:36 | 10:16 | 16:59 | 12:06 | 1:16 |
| 2 | 3:38 | 5:20 | 12:57 | 5:00 | 8:35 | 10:16 | 16:58 | 12:06 | 1:17 |
| 3 | 3:38 | 5:20 | 12:57 | 5:00 | 8:35 | 10:16 | 16:57 | 12:06 | 1:17 |
| 4 | 3:39 | 5:21 | 12:57 | 5:00 | 8:35 | 10:15 | 16:56 | 12:07 | 1:17 |
| 5 | 3:40 | 5:22 | 12:57 | 5:00 | 8:35 | 10:14 | 16:55 | 12:07 | 1:18 |
| 6 | 3:41 | 5:22 | 12:57 | 5:00 | 8:34 | 10:13 | 16:53 | 12:07 | 1:18 |
| 7 | 3:42 | 5:23 | 12:58 | 5:00 | 8:34 | 10:13 | 16:52 | 12:08 | 1:19 |
| 8 | 3:43 | 5:23 | 12:58 | 5:00 | 8:34 | 10:12 | 16:51 | 12:08 | 1:19 |
| 9 | 3:44 | 5:24 | 12:58 | 5:00 | 8:33 | 10:11 | 16:49 | 12:08 | 1:20 |
| 10 | 3:45 | 5:25 | 12:58 | 5:00 | 8:33 | 10:10 | 16:48 | 12:09 | 1:21 |
| 11 | 3:47 | 5:26 | 12:58 | 5:00 | 8:32 | 10:10 | 16:46 | 12:09 | 1:21 |
| 12 | 3:48 | 5:26 | 12:58 | 5:00 | 8:32 | 10:09 | 16:44 | 12:09 | 1:22 |
| 13 | 3:49 | 5:27 | 12:58 | 5:00 | 8:31 | 10:08 | 16:42 | 12:10 | 1:22 |
| 14 | 3:50 | 5:28 | 12:58 | 5:00 | 8:30 | 10:07 | 16:40 | 12:10 | 1:23 |
| 15 | 3:51 | 5:29 | 12:59 | 5:00 | 8:30 | 10:06 | 16:39 | 12:10 | 1:24 |
| 16 | 3:53 | 5:30 | 12:59 | 5:00 | 8:29 | 10:05 | 16:37 | 12:11 | 1:24 |
| 17 | 3:54 | 5:30 | 12:59 | 4:59 | 8:28 | 10:04 | 16:35 | 12:11 | 1:25 |
| 18 | 3:55 | 5:31 | 12:59 | 4:59 | 8:28 | 10:02 | 16:33 | 12:11 | 1:26 |
| 19 | 3:56 | 5:32 | 12:59 | 4:59 | 8:27 | 10:01 | 16:31 | 12:12 | 1:26 |
| 20 | 3:58 | 5:33 | 12:59 | 4:59 | 8:26 | 10:00 | 16:28 | 12:12 | 1:27 |
| 21 | 3:59 | 5:34 | 12:59 | 4:59 | 8:25 | 9:59 | 16:26 | 12:12 | 1:28 |
| 22 | 4:00 | 5:35 | 12:59 | 4:59 | 8:25 | 9:58 | 16:24 | 12:13 | 1:28 |
| 23 | 4:02 | 5:36 | 12:59 | 4:58 | 8:24 | 9:56 | 16:22 | 12:13 | 1:29 |
| 24 | 4:03 | 5:37 | 12:59 | 4:58 | 8:23 | 9:55 | 16:20 | 12:13 | 1:30 |
| 25 | 4:04 | 5:38 | 12:59 | 4:58 | 8:22 | 9:54 | 16:18 | 12:13 | 1:30 |
| 26 | 4:06 | 5:39 | 12:59 | 4:58 | 8:21 | 9:52 | 16:15 | 12:13 | 1:31 |
| 27 | 4:07 | 5:40 | 12:59 | 4:57 | 8:20 | 9:51 | 16:13 | 12:14 | 1:32 |
| 28 | 4:09 | 5:41 | 12:59 | 4:57 | 8:19 | 9:49 | 16:10 | 12:14 | 1:32 |
| 29 | 4:10 | 5:42 | 12:59 | 4:57 | 8:18 | 9:48 | 16:08 | 12:14 | 1:33 |
| 30 | 4:12 | 5:43 | 12:59 | 4:56 | 8:17 | 9:46 | 16:05 | 12:14 | 1:34 |
| 31 | 4:13 | 5:44 | 12:59 | 4:56 | 8:16 | 9:45 | 16:03 | 12:14 | 1:34 |

## Рузнама для Махачкалы
## (июль)

| дни | утренний | восход солнца | обеден. | после-обед. | вечерн. | ночной | долгота дня | полночь | последн. 1/3 ночи |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2:29 | 5:14 | 12:55 | 5:00 | 8:34 | 10:21 | 17:02 | 12:03 | 1:14 |
| 2 | 2:30 | 5:15 | 12:55 | 5:00 | 8:34 | 10:21 | 17:01 | 12:03 | 1:15 |
| 3 | 2:31 | 5:16 | 12:56 | 5:00 | 8:34 | 10:20 | 17:00 | 12:03 | 1:15 |
| 4 | 2:32 | 5:17 | 12:56 | 5:00 | 8:34 | 10:19 | 16:59 | 12:04 | 1:15 |
| 5 | 2:33 | 5:17 | 12:56 | 5:00 | 8:33 | 10:19 | 16:58 | 12:04 | 1:16 |
| 6 | 2:34 | 5:18 | 12:56 | 5:00 | 8:33 | 10:18 | 16:56 | 12:04 | 1:16 |
| 7 | 2:35 | 5:19 | 12:56 | 5:00 | 8:33 | 10:17 | 16:52 | 12:05 | 1:17 |
| 8 | 2:36 | 5:19 | 12:56 | 5:00 | 8:32 | 10:17 | 16:54 | 12:05 | 1:17 |
| 9 | 2:36 | 5:19 | 12:56 | 5:00 | 8:32 | 10:17 | 16:52 | 12:05 | 1:18 |
| 10 | 2:38 | 5:21 | 12:57 | 5:00 | 8:31 | 10:15 | 16:51 | 12:06 | 1:19 |
| 11 | 2:40 | 5:21 | 12:57 | 5:00 | 8:31 | 10:14 | 16:49 | 12:06 | 1:19 |
| 12 | 2:41 | 5:22 | 12:57 | 5:00 | 8:30 | 10:13 | 16:49 | 12:06 | 1:20 |
| 13 | 2:42 | 5:23 | 12:57 | 5:00 | 8:30 | 10:12 | 16:45 | 12:07 | 1:20 |
| 14 | 2:43 | 5:24 | 12:57 | 5:00 | 8:29 | 10:11 | 16:43 | 12:07 | 1:21 |
| 15 | 2:45 | 5:25 | 12:57 | 5:00 | 8:28 | 10:10 | 16:42 | 12:07 | 1:22 |
| 16 | 2:45 | 5:25 | 12:57 | 5:00 | 8:28 | 10:10 | 16:40 | 12:08 | 1:22 |
| 17 | 2:46 | 5:26 | 12:57 | 5:00 | 8:28 | 10:09 | 16:38 | 12:08 | 1:23 |
| 18 | 2:49 | 5:27 | 12:58 | 5:00 | 8:26 | 10:07 | 16:36 | 12:08 | 1:24 |
| 19 | 2:50 | 5:28 | 12:58 | 4:59 | 8:26 | 10:05 | 16:34 | 12:09 | 1:24 |
| 20 | 2:51 | 5:29 | 12:58 | 4:59 | 8:25 | 10:04 | 16:31 | 12:09 | 1:25 |
| 21 | 2:53 | 5:30 | 12:58 | 4:59 | 8:24 | 10:03 | 16:29 | 12:09 | 1:26 |
| 22 | 2:54 | 5:31 | 12:58 | 4:59 | 8:23 | 10:01 | 16:27 | 12:10 | 1:26 |
| 23 | 2:54 | 5:31 | 12:58 | 4:59 | 8:23 | 10:01 | 16:25 | 12:10 | 1:27 |
| 24 | 2:56 | 5:32 | 12:58 | 4:59 | 8:22 | 10:00 | 16:23 | 12:10 | 1:28 |
| 25 | 2:58 | 5:34 | 12:58 | 4:58 | 8:20 | 9:57 | 16:21 | 12:10 | 1:28 |
| 26 | 3:00 | 5:35 | 12:58 | 4:58 | 8:19 | 9:56 | 16:18 | 12:10 | 1:29 |
| 27 | 3:01 | 5:36 | 12:58 | 4:57 | 8:18 | 9:54 | 16:16 | 12:11 | 1:30 |
| 28 | 4:03 | 5:37 | 12:58 | 4:57 | 8:17 | 9:53 | 16:13 | 12:11 | 1:30 |
| 29 | 4:04 | 5:38 | 12:58 | 4:57 | 8:16 | 9:51 | 16:11 | 12:11 | 1:31 |
| 30 | 4:06 | 5:39 | 12:58 | 4:56 | 8:15 | 9:50 | 16:08 | 12:11 | 1:32 |
| 31 | 4:06 | 5:39 | 12:58 | 4:56 | 8:15 | 9:50 | 16:06 | 12:11 | 1:32 |

РАКIАЛДЕЩВЕЯЛ

# ХIалаллъараб «цIогь»

*Сугъралъеги щун нахъвуссунаго, щибаб нухалъ Сох тирилалде щведал, Хицiиб-ЦIонобе бер ккарабго ракIалде щола студентазул гIумруялъулъ нижерго ккара-тараб.*

*Гьаже гIадин рекIине машинабиги рукIунароан. Рогьалилъго лъелго къватIире рахъунаан. Нагагь-надир нухда машинаги кколаан. Пемерисел ЧIохъ-Коммуналде лъелго щолаан. Гьенибги машина ккечIони, Хьаргаби-ГIаймаки-ХаркIаслиб бакIал герун лъелго Буйнакскиялде щолаан. Гъораса поездалъ унаан МахIачхъалаялде…*

*Цо нухалъ ниж, Багъинла ТIайиб, ГIабдулхIисо Пахрудин, ТIолбол МухIамад, ГIумаров МутIалиб ва дун рогьлаго цIалуде сапаралъ рахъана. Бодонсо мархьух кьодухъе щведал цояз абуна рачIайила гьаниб гъоркь бугеб иццухъа лъим гьекъезе. Рилълъана иццухъе. Росдал гIор бахъун доба цебе букIана Харцазул абулеб ах. Гьенир хъаравулзаби рукIана мунагьал чураял Муртил ГIумар, Хатунла МахIанляй (Самедов Мусал эбел). Хабар ккана доба ахикь къадисо гIеч бугила, рачIайила гьеб бетIизе.*

*Жеги хъахIлъи бачIеб мехалъ къадисо гIеч кин лъалеб! Цин-цаб гьотIодаса гIечги хIанчIун къадисо гIеч балагьулаго, «батана, батана», - ян бахъана цоясул гьаракь. ТалихIалъго хъаравулзабиги рорчIичIого лъулдулги цIун цере рахъана. Чумаданазухъе гIеч чIехьолел рукIаго тIадехун цо ухIуди бахъана. «ВахI, гьанже нилъ тIадго ккуна», - ян хIинкъарал ниж ссандаса тIаде лъутана. ТIаде вачIарав чияс нижеде ахIана «Ле, нуж щал?» - абун. Гьев ахил хъаравул гуреблъи лъайдал ниж иццухъе ракIарана. Гьев ватана Гъунив хIалтIулев вугев тукенчи Маххуласул ГIабдулагь. Гьес нижее цо-цо булкаги кьуна.*

*Лъелаб нижер къукъа щвана ЧIохъ-Коммунаялде. Гъоба ЧIарадаса бачIунеб «Студебеккер» машинаги ккун щвана МахIачхъалаялде.*

*ЦIали байбихьизе жеги ункъощуго къо букIун, ниж шагъар сверулел рукIунаан. Цо къоялъ Сталинил (гьанже Ленинил) майданалда аскIоб букIараб базаралде унаго дандчIвана мунагьал чураял Хачасо ХIасанги ахил хъаравул Муртил ГIумарги. ГIусал лъезе рачIарал ал рукIун руго гожо-гIус щулалъизегIан кваназе пихъ-бичI босизе базаралде унел.*

*Нижеца азухъе кьуна кодоб букIараб, добго ахикье кIанцIун щвараб къадисо гIеч. ХIанчIарабго Муртил ГIумарие гьеб гIеч цIакъ бокьана. «ВахI, нилъер лъоба букIунелдасаги гьуинаб буго», - ян разилъана гьев. Нижеца ХIасанида ишара гьабун бицана гьеб гIеч ГIумарил ахикьа букIин. МахсарохIалав, кепав чи ХIасаница абуна: «Я ГIумар! Гьуинаб гIеч цоги бакIалда букIунариланищ дуда ккараб? Гьеб буго Хасавюрталдаса бачIараб гIеч», - абун. Валлагь, нилъер лъоба бацIцIине лъикIан гьабилан вукIана ГIумарги. Нахъисел къоязги щолаан ниж гьезие гажал щулалъиялъе гIеч босун.*

*Ана заман. РагIана Муртил ГIумар би чвахун захIматго вугилан. Ахикье кIанцIараб нижер къукъа каникул щварабго цадахъго ана ГIумарихъе, гьев тIаса лъугьинавизе. Гьенире щварабго ГIумарица вас АхIмадиде ахIана, воре, гьудулзабазе гьоболлъи гьабеян. Чай гьекъолаго нижеца цоцазда ишара гьабулаан ахикье кIанцIиялъул бицеян. Гьедин цоцазде тIамун, кIал бахъулев чиги ккечIого, цоцада зигардулаго нахъе рилълъана ниж.*

*Ана лъагIел. Нахъияб соналъги добго заманалъ бидул унтуца захIматго унтана ГIумар. Гьанжеги данделъун ниж рилълъана ГIумарихъе тIаса лъугьаян гьаризе. Гьезул мадугьал хIисабалда Пахрудиница кIал бахъун, киназго гьарана нижер хIалихьалъиялда, пихъил цIогьода тIаса лъугьаян.*

*ЗахIматго унтарав ГIумарица, бусада гIодовги чIун, абуна: «Балагьея, дир лъимал. Гьеб буго колхозалъул ах. Нужер киназулго эбел-эменги руго колхозчагIи. Нужер гьеб цогь кколаро, нуж рачIун руго нужерго эбел-эмен бетIергьанаб ахикье, гьеб нужее хIалалаб буго. Воре, ургъел ккоге, нужеда баркат лъеял», - ан. Ниж цIакъ разиго, цо кIудияб гьирги тIаса ун бигьалъи лъугьараб гIадин рохххун цоцахъ ралагьана. ГIумариеги, АхIмадиеги, Шабагиеги баркалаги кьун нахъе ана.*

*Гьеб соналъ хвана гьев, нижее бигьалъи гьабурав, мунагьал чураяв Муртил ГIумар.*

*Жакъаги Сохе щварабго гIор бахъун добе цебе бер ккедал бихьула Харцазул ахги, нижеца гIеч хачарал херлъарал гъутIбиги, ракIалде щола Муртил ГIумарги, кидаго аваданаб гъумералъул Хачасо ХIасанги, ахикье кIанцIарал гьудулзабиги.*

*Исана, тIадехун бицарабщинаб цIидаса цебе бачIана МахIачхъалаялда кардиологиялъул отделениялда дида цадахъ Муртил ГIумарил инсул цIар тарав, школалда дунгун цо классалда вукIарав АхIмадил вас ГIусман дун вегараб палатаялде ккедал…*

ПатахIПАТАХIОВ
Сугъралъ-Гъуниб

ФОТОФАКТ



ОСОБОЕ МНЕНИЕ

# Историки «энд “историяВеди”»*

***Занятие настоящей, серьезной наукой – удел избранных, особо одаренных, фанатично преданных науке людей. А написать научную статью, книгу, полезную для общества, объективно раскрывающую суть изысканий, способны единицы.***

*Ознакамливаясь со статьями, брошюрами, книгами, выходящими в разных изданиях республики с историческим, краеведческим уклоном под авторством околонаучных деятелей в сотрудничестве с деятелями от науки, невольно приходишь к мысли, что на сегодняшний день не пишет только ленивый. А заслуги «“личностей доселе никому неизвестных” или известных в узком кругу» возрастает как снежный ком.*

*Ситуация складывается по аналогии с бревном, которое В.И. Ленин якобы помог передвинуть при уборке территории Кремля. А в последствии, лет через 50, оказалось, что это бревно вместе с Лениным перенесли с одного конца Красной площади на другой более 70 человек. Дабы избежать участи не существовавшего бревна «некоторых личностей» и не быть оболваненным очередным «комиссаром» от истории, я вынужден с большим нежеланием взяться за перо и анализировать ситуацию, сложившуюся на «рынке “историяВедов”».*

*Современную науку условно делят на две категории:*

*а) Науки точные, где превалирует математика*

*б) Гуманитарные*

*Если из гуманитарных наук выделить отдельно историю, то здесь есть противоречащее «но». Если очевидец исторических фактов своего времени описывает их максимально приближенно к реалиям, то это точная, достоверная наука. А если кто-то описывает ту же историю в прошедшем времени, то это, извините, история, с вытекающими оттуда выводами.*

*Я сам историков делю на две группы*

*а) историки, имеющие доступ к исторической литературе, к архивам, имеющие независимое от идеологии, политической конъюнктуры свободное суждение. Таких единицы.*

*б) историки, страдающие манией величия, субъективизмом, занимающиеся околонаучной деятельностью, тем самым вводящие читателей в заблуждение. Их мировоззрение, идеи простые читатели должны воспринимать за чистую монету.*

*Этих деятелей от истории я тоже делю на две группы:*

*а) так называемые краеведы-любители, блуждающие в научных дебрях в поисках своей славы.*

*б) софисты, подгоняющие имеющиеся исторические факты, фамилии, даты под определенную идею по заказу или в угоду некоторым политикам, религиозным сектам или собственному мировоззрению.*

*Мне представляется, что причиной необузданной фантазии «любителей от истории»является:*

*а) отсутствие гусиных перьев плюс глубоких знаний в этой области.*

*б) доступность шариковых ручек плюс обилие Шариковых из бессмертного произведения Булгакова «Собачье сердце» с вложенным разумом, интеллектом дворняги и инстинктом ищейки, вечно рыскающей по помойкам.*

*Истинные ученые все это называют паранаукой.*

*По сути, вся полемика идет вокруг роли личности в истории. По моему убеждению, не личность делает историю, а именно история создает личности. И наша задача – объективно, не ущемляя и не восхваляя, раскрыть заслуги личности в данный исторический период.*

***P.S.** Эти заметки – мои размышления вслух и я не претендую на истину. Статья ни в коем случае не направлена против кого-либо или чего-либо. Это мой дилетантский анализ и критика без конкретного адреса.*

*ИСРАПИЛОВИ.(Ягъанилазул)*

** Орфография и стилистика авторские.*



## РакIалде щвезаризин нилъерго гIияязул гIужал

Рис.1



Рис.2



Рис.3



Рис.4



Рис.5



Рис.6



*1. Кумараб рагIалса къотIумо нахаса босараб, мекъаб нахаса босараб.* ***ЯхIиял АхIмадил.***

*2. Кумараб кIицIул зибаса босараб, мекъаб нахаса босараб.* ***ГIалиев Ражабил МухIамадил.***

*3. Кумараб зебелъ лъвахьумо зибаса босараб, мекъаб рагIалса къотIараб.* ***ЧIегIерасул.***

*4. Кумараб нахелъ лъвахьумо нахаса босараб, мекъаб нахаса босараб.* ***ИсбагIинлязул.***

*5. Кумараб наха бал’агабур, мекъаб калхараб.* ***Назарилязул (КъукIаразул).***

*6. Кумараб наха бал’агабур, мекъаб лъабцIул калхараб.* ***Улаев ХIажил.***



Сугъралъ № 5 (75) июнь 2009 с.

ЦО-ЦО БЕХЬАРАЗ БИЦАРАБ

# Зебеги гьинжеги

Зересалги гьал гІагарал сонazulги хІисаб гьабуни, кІиго бал’аб сипат бегьдала зебе. Арал сонал кинал рукІарал абини – букІана колхозги, жунде кІварас жунумо, хурщде кІварас хурщумо гьабудалаб чІейго гьечІаб хІалтІиги.

Нахарохьоб гІазу бугаб мехалъго гвай бамо ондалан колхозалъул рак лъеде НахагІорохе, ГъогъолгІинуре, Рохьбол’оларе, РухІидаларе. РакІбащаго, аваданго, ахІумо кечІгина хІалтІул къоги омо къасаде руссдалан росноре.

Жундерго боцІи-панзги бакІарумо щайтІан чирахул канцІдах ракул цІаялъ квенги гьабумо кьитІдалан. НахІахал къубизги гьебго хІалтІи такрарлъдалан. Марталъул ахирлъуда ракул каникул амо цІаргина школьниказеги букІана рак баччи. Рак баччумо лъугІарабго гьабудалан рекьи.

Риидал чІарадиябги бухдиябги хІурул бутІаби хІалтІухабизе къотІумо кьудалан. Бухи-чІарай лъугІараго бадалаб букІана хирицин, щиваса ад хирил хІумузул паланги лъумо букІана. Палан обани кьудалаб букІана анцІго хІамидаса цо хІама оплатаги.

ГІураб мехалъ хІурги бецумо, кІалтІущги бахумо гьабудалаб букІана раччи. Лал баде рес рекъедагІан гьоцІир кІалла гІарал чІвамо тодалан. Ценги алахІги хартІумо, гъвенс тІамо жужадеги жужамо, мигъирги бамо хІадурлъдалаб букІана гьоцІи. Ценги гІородаса гулги гІодобе бамо, жиб-жибалъул гуларухьенги бичумо, чункумо тІибитІдалаб букІана гьоцІиб. Оцазда наха лулбиги рамо, лулбиза ад гъвенс гведе гучги лъумо, гьайгьуялъа рацІдалан оцал, кьорокьороб сенкІилъаги бугьнилъаги рохходеги роххомо.

Бокъумо томо кІиго гъваниги гьабумо, мугъ зебелъ накко нахелъ гедегІан бугьбиз эхеде рехдалан. Ценги хьурцІиги рехумо хазмузухе бараб ролъ хІамуз баччдалан роснобе.

Зебе кьинги цІорораб букІдалан, гІазоги гІемераб бадалан. ГІазо-цІерда ад жиргъумо гІодор гечІого рукІде хІамузул бохаза укъбиги чІвадалал рукІана. Гьиттин гІен’ги тІумо къоги бехьумо гьабудалаб букІана магІишат. Риидал бакъулъа мугъ бухІчІуни кьиндал хинкІилъа чехь бухІунарила абараб биценалъухего жундерго хІал кокараб хІалалаб гунни хинкІ букІчІо нилъер умумазе.

Радио гьечІого гІенкъго рукІана, телевизор гьечІого бецщго рукІана, телефон гьечІого чадакъго рукІана, газ гьечІолъиялъ кучакъго рукІана. Машина гьечІого лъелго рукІана, калкулятор щвечІого белэр хІалтІана, хІамузул къадар цІикІиялъ хІалтІул габур бицаго букІана. Квераз чІарадалаб ролъул хІур, гилщаз бухдалаб кІалтІущул хІур, чІегІерлъарал кверал, ричІ-ричІарал малъал, къарал зазал, гарал рецІцІал, унтарал кверал рукІеда щвани сурхумо бегьдала черх. ГьечІал хьатал, чІунчІарал бохал, гІоцІода чІвамо аса гарал малъал – рукІедаса кин энаб?

Кин букІумо батиниги адамал жунурго рокъо-рошомо, гьуэнго рукІана. ГьабсагІат гІагарлъуда жуну гьечІаб абде бегьла гьуэнлъи букІана охол гьалбазулгицини. Гьабудалаб хІалтІулъги киналго рокъомо, гваял рамо, цал-цазе кумак гьабудалан. Къад омор ракь чІваде, лал баде гвай бадалан, къаса кІулчал чІунде, квас хусде данделъдалан. ХІалтІи лъугІараго гьигьолодул, кІалтІущул хьагги бамо гІоттор чІодалан.

Гьинже хІалтІи бокьумо гьечІо, хІалихьалъи цІикІумо буго. ХІалтІи буго хІалихьалъияса чи цІундалаб сангар. Абдалаб буго хІалтІи гьечІила амо. ХІалтІи букІлия маарух хІурзалги ахІго тани, чІегІербоцІиги дагьлъде баччани.

Кин батиниги якъа нилъ лъикІго хьихьумо руго БетІергьанас. Гили бахаралъуб туканги квер битІумо босде чедги буго. Гьаттин тайги, гьалъаса лъикІго тайги абде намус буго. Умумаз баччараб захІмат цІияб гІелалъ баччде гугийги.

Кидаго цо хІалалъа дунялги хутІунаро. Якъа къо лъикІаб буго амо сонсаб къвалъул къуралъи-захІмалъиги кІочомо теде бигьинаро. Гьабуде годала метерисаб къо кинабдай букІла абараб пикроги.

АязилГІашат

# ГІири-гулалъул гІарза (1945 сон)

БитІизин гьаб кагъат бехе росулъе,
ГІири-гулалъул хІал жанибги рехсон.
Цоги гьарун хваде правлениялде
Я гьаб гулие чи ритІела амо.

Гьал арал сонazги захІмат баччана,
Ваянный заманин зигарго бахчІо,
Васал нуж гьечІилан хІалтІун рукІана,
ХІалае чи гьечІи гьанже гІагили?

Ниж гІолил ясазе захІмат кІваричІо,
ХІерал руччабазда ракІ бухІун буго.
ГІемераб хер баччун ччукІарал мугъал
Гулиде къулизе къо нижер гьечІо.

Гьарумо биргадир рагьлаве ани,
РикІкІада бакІилан нахе чІвадала.
Цинги изнаводвл рахеян ани,
Чакмаял холилан зигар бахула.

Заказ битІун ана искаладалде
Васазе калощал ритІела амо.
Цинги пирказ ана даб заводалде
Гьезие кІудаб ом къотІела амо.

Чакмаял ччукІилё хІенкъарал нужей
Сумал руххтел течІо хурул иналда.
РикІкІада бакІилан зигар бугелъул,
АскІоб лъезе лъикІан аб меседил гухІ.

Ниж кучІдул гьаруде поэтал гуро,
Бугаб унти бицун хвана гьаб кагъат.
Кагъттал хван ритІизе писател гуро,
Зигаралъ бачІараб гьобол батила.

Рохьбол’оласа ясаз гьаб кечІ босун ехе йитІарай Бечедил ГІалиллалъ колхозалъул председателасул нуцІида чІван буго бехеса буссун. Бухгалтер Зак МухІамадица, бехеса буссараб объявление кинабин абун, босун буго кодобе.

МелесоГІумарилПатІиматицарикІкІункечІхъванаАязоваГІайшатица

## ФОТОФАКТ









## БАСРИЯЛ СУРАТАЛ



**ХIамзасо Мусал Хадижат, ХIасансо ГIумарил МухIамад**



**АмиргIали, ГIабдулгIумаля Муса, Багъилов Мирза**



**Назаров АхIмад, Назаров ХIабибулагьил Залму, ПатагIалил МуцагIалил БатIит**

## Цебеса араб гIелалъул гьурмал



**Дибиров АхIмад (СагIитил ГIабдулагьил вацасул вас)**



**Къабахlов ГIалирза**



**Магьдил ГIабдулагьил МухIамад**

Продаются столы, цветочные горшки, вазы, шахматные столы, изготовленные из твёрдых пород горного песчаного камня. Обр.: с. Сограть, Хваров Газимагомед. Тел.: 8-988-779-65-25

**ЦИФРОВАЯ ВИДЕОСЪЕМКА**
Свадеб, банкетов и др. торжеств. Монтаж, заставки, запись на DVD
Тел.: 5-18-62 дом.;
Моб.: 8-903-429-99-73
Абдула Бечедов

**Выпечка «Асоноб»**
принимает свадебные и другие заказы (в том числе и на европейские пирожные)
Тел.: 8-988-298-51-82

реклама

**Салон красоты «РЕВЛОН»**
Услуги косметологии и парикмахерского искусства, фирменная одежда.
Ул. Орджоникидзе, 162.
Тел.: 69-32-02 (Айзанат).

ГIУРЧЧИНАБ АПТЕКА

# ГIодокари, гиригара (земляника)



Нилъер сугъулдерил ракьалда магIарухъ бижулеб гIодокариялда цIар буго земляника лесная. Гьебги бищунго гIемер гьениб бижулеб бакI батана Солодаса эхеде ругел чIваял.

Дагъистаналда дандчIвала гIодокарул цойги тайпа – земляника зеленая. Гьеб бижула бехебехун бакIалда: Буйнакский, Сергокалинский районал, Тарки-Тау мегIер буго дида гьеб тайпа гIодокарул дандчIвараб бакI.

ГIодокарул лъабабилеб тайпа буго земляника мускатная. Нилъеца гьелде абула клубникаян.

Гьал ахирал соназда МахIачхъалаялъул къватIазда ва огородазда чIолел руго земляничное деревоян абулел гъутIби, церехун гьанир рукIинчIел. Гьел гъутIбузда бижулеб пихъ буго гIодокариялда рельлъараб, ва тIагIам-махIги буго гьединабго, амма гьел гъутIби ккола батIияб тайпаялъул (семейство).

ГIодокариялда гIелмияб (латин) цIар буго фрагариа веска. Гьелъул магIна ккола махI берцинаб ва гьуинаб абураб.

Земляника абулеб рагIи гIурус мацIалдасан буссинабуни, гьелъул магIна ккола ракьалде гьетIараб, къулараб (склонившаяся к земле) абураб. Гьебго магIна бачIуна нилъеца гIодокариян абулеб рагIиялъулги.

Гьанже цо чамалиго рагIи гIодокари халкъияб медицинаялъ хIалтIизабиялъул.

Халкъияб медицинаялъ гIодокарул хIалтIизабула пихъгун тIамах ва цо-цо унтабазе кьибилги.

ГIодокарул пихъ ва тIамах хIалтIизабула гьал хадурехсарал унтабазе: чорхолъ бидул кьаби (давление) цIикIун бугони, бидурихьазул ва тундрабазул унтабазде (атеросклероз), хасго мех барал гIадамазе. Данде ккола гIодокарул тIамахгун пихъ тIулал ва къечIалъул унтабаздеги, гьединго чорхолъ би дагьго бугониги (малокровие) ва чехь-бакьазул унтабаздеги.



Бакъвазабураб пихъил компот ялъуни тIамхил гьабураб чай лъикIаб буго нервабазул унтабазде ва макьу щоларого бугониги.

ЦIияб пихъ ва гьелъул сок лъикIаб буго гъурмада ругел тIанкIал (веснушкаби) инариялъе компресс гьабизе.

Чехь-бакьазул унтаби (гастрит, колит) бугони, бакъвараб гIисин гьабураб 2 столов.гъуд цIураб гIодокарул тIамхиде тIела гьализабураб цIорораб лъадал 2 стакан ва тела 8 сагIаталъ. Гьекъела къоялъ 3-4 нухалда бащда-бащдаб стакан.

БагIаразул (почки) унтаби ругони, бакIарараб тIамах, бегьула пихъгун цадахъги, буссун гIисин гьабун (бегьула бакъвазабурабги) 2 стол.гъуд цIураб бала 2 стакан цIураб лъелъе, гьабила бигьа гьабун гьалдезе 15 минуталъ. Гьекъела чай киниги радал-къаси цо-цо стакан.

КIиго стакан цIураб гIодокарул пихъиде тIела бащдаб литра гIаракъул ва тела цо моцIалъ. МоцI ун хадуб гьелде жубала гьединабго къадар лъимги. Гьеб хIалтIизабула компресс гьабизе цо-цо тIомол унтабазде ва гьурмаздасан пигменталъул тIанкIал инариялъе. Хадуб компресс гьабураб бакI бацIцIад гьабила рахьдаца ялъуни ридиялъ.

ГIодокарул пихъил сок гьекъезе лъикIаб буго кIалдисан ва ургьимесалдасан бачIунеб лъикIаб гьечIеб махI бугел гIадамазеги, сахарный диабет бугезе, багIаразулъ чIимих бугони ва гьединго руччабазул бачIунеб би чIоларого бугониги.

ГIодокарул пихъал гIемерго мадар лъугьуна ращалабазда цIам бетарал гIадамазеги. Руго цо-цо гIадамал гIодокари данде кколарелги, гьеб кванани черхалда багIарлъи бахъулел, черх букаризабулелги, ай гIодокарудехун аллергия бугел. Гьез гIодокари хIалтIизабизе бегьуларо.

Бегьула гIодокарул тIамхил гьабизе махI гьуинаб чайги. Гьеб гьабула гьадин: бакIарараб тIамах кверaлъ зурула дагьаб сок баккинегIан. Цинги тола пакеталде жанибеги бан дагьаб боркьизегIан. Хадуб рагIдукь бакъвазабула ва гьелъул гьабула чай.

ГьарумГIАБДУСАЛАМОВ

## БАСРИЯЛ СУРАТАЛ



Абдурахlимов Хlусенил Хlажияй, Абдурахlимова Тlас, Абдурахlимова Марям, Терков Мухlамад, Чурал Гlалил Мухlамадил Патlимат, Шокъа Сулеман.

### Цебеса араб гIелалъул гьурмал



Ахlмасо Гlабдулагьил Хадижат



Ашалов Мухlамад



Кlичев Гlумар, Улаев Мухlамадрасул, Гlагара Гlалибег, Вагьабов Гlабдулатlип

## ФОТОФАКТ



## ЭРКЕНАБ ЗАМАНАЛДА

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 5 | 1 | 9 | | | 8 | | |
| | | 3 | | | 8 | | 6 | 2 |
| 8 | | | | | 5 | | | |
| | | | 8 | | 3 | 1 | | |
| | | 7 | | | | 9 | | |
| | | 6 | 7 | | 9 | | | |
| | | | 5 | | | | | 3 |
| 3 | 4 | | 1 | | | 2 | | |
| | | 2 | | | 4 | 6 | 1 | |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 6 | 1 | 4 | | 9 | | 3 |
| 9 | | | | | | | | 6 |
| | 3 | | 6 | | 5 | | | 2 |
| | 2 | | | 5 | | | | |
| 3 | | | | | | | | 8 |
| | | | | 7 | | | 9 | |
| 2 | | | 9 | | 7 | | 1 | |
| 5 | | | | | | | | 9 |
| 6 | | 9 | | 1 | 3 | 4 | | |


**Установка современных отопительных систем**

*реклама*



***с использованием металлопластиковых труб и алюминиевых радиаторов, настенных и напольных котлов, устройство теплых полов и водонагрева. Гарантия высокого качества.***

***Тел.: 8-963-407-60-72 (Ризван)***

**Трикотажное ателье**

***и вязальный цех по пошиву мужской и женской верхней одежды. Реставрация трикотажных изделий любых видов.***

***Махачкала, ул. Кара Караева, 13 (вход со двора) или по телефону 8-928-563-63-98 (Зулайхат)***

**БИЧУЛЕБ БУГО ТУКЕН**

***Бичулеб буго Богатыревкаялда школалъул минаялда аскIоб бугеб Шарабудинил МухIамадил «Люкс» тукен.***

***Киналго баянал щвела МухIамадихъе гьаб телефоналде кIалъан:***

***8-909-486-43-39***


### Цебесеб номералда лъураб сканвордалъе жавабал

| | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| гI | е | л | е | г | а | р | а | б | Чорил рагIала мах | б | е | кI |
| [illegible] / Луд | Огоредалъе бакдала | а | Нахщаб жо | у | Ино | а | Пай нагагь / ... | а | л | а | Щеин хазамал / Русалэ | у |
| г | а | б | у | р | Паккадул бусен | с | ё | л | Кагьтилмач | хI | а | тI |
| а | Белар гураб жо | а | Ищараб роль | е | ...-чорхьи | а | гь | и | | а | Раньги гъвеги | и |
| м | а | д | и | н | а | Артия | е | к | е | р | и | я |
| а | Яс ва шагьао | у | | ж | Щубазул бусен | гI | Чахида бараб сий | и | | а | Хехтьи, атальтьи, рижжи | |
| чI | а | р | | Бекьала, подобогьадала, ... | з | о | б | Сумал' рагIала буйдала | а | л | а | хI |
| Чарамо бакдала | д | Унти | г | | и | чI | | о | Хер буцIараб бакI | | | а |
| р | и | хI | и | ... шу, ... | м | о | гъ | р | о | ч | а | л |
| | р | Чапуда ... бачадала | р | Мигьир гудалаб жо | | л | | о | Адамаз ахаль льудала, боцIуда ад тIамдала | | | а |
| къ | а | н | д | а | б | ж | о | Хьагазул тайпа | | э | н | к |
| Сурат | х | Бер буньи | и | Киналго, рацIумого цадах | | о | Къаса МитIлищумах ахIудала | гъ | а | п | Батьана. Пилил. | и |
| с | и | хI | р | о | БоцIуда чи гьечIони гьабудала | | | Ролъул щураб хжами | [illegible] | е | | |
| и | Хамил, къохьоп кесек | | и | р | г | а | | м | | л | | гI |
| п | а | р | ч | а | Зебесаб хIай | Хамида хIугI | къ | у | р | къ | б | и |
| а | КIуйдул нукI | э | Пилав команда | м | и | тI | | чI | | а | | л |
| т | а | в | Хlанол рахараб бугьа | о | ц | Бачиа (хат) | ж | у | м | пI | и | я |

## БАСРИЯЛ СУРАТАЛ



Якъубов МухIамад, ХIажиев ГIабдукамал, ГIабдулхIалимов ГIабдулагь, ГIабдулхIалимов ГIабдулхIалим. Нахъа ГIабдулхIалимов Жамалудин ва Якъубов Абакар.

### Цебеса араб гIелалъул гъурмал



Шамалов ГIабдулатIип



Абакаров МухIамад



Багъдасо Исрапилил МухIамад, ЯхIиял МухIамад



КIогьосил МухIамадил Загьрат, КъабахIов МухIамадил Хадижат. Нахъа Амиров Асвалдинил ПатIимат, Зак ГIумарил Марям.





# Исана ругел бертаби

*Гъулиев ГӀумарил Джамилят унеӣ йиго Унсоколоса Рашидие. Бертин буго 12 июлалда, ясалъул **«Олимп»** залалда («Россия»кинотеатралда дандбитӀун).*

* * *

*ГӀисаев Шамилил вас Имамудиница ячуней йиго ГӀумаров (Хужал) МухӀамадил яс Хадижат. Бертин буго 19 июлалда, васасул «Марракеш» залалда, ясалъул «Эльтав» залалда.*

* * *

*АхӀмадов Даниялил Шамилица ячуней йиго МуртазагӀалиев (Къакъу) ГӀалил яс Хадижат. Бертин буго 26 июлалда. Васасул М. ХӀажиевасул цӀаралда бугеб заводалъул залалда, ясалъул «Турист» залалда («Россия» кинотеатралда дандбитӀун»)*

* * *

*Чураев АбдурахӀманил Мурадица ячуней йиго ГӀинчилов МухӀамадил яс ПатӀимат. Бертин буго **26 июлалда**, васасул сагӀат 2-ялда «Марракеш» залалда.*

* * *

*ГӀабдулжалилов ГӀабдулагьил вас Рашидица ячуней йиго Закарялов ГӀабдулатӀипил яс ПатӀимат. Бертин буго 30 июлалда (четверг), васасул сагӀат кӀигоялда «Розовый фламинго» залалда, ясалъул «Астория» залалда (Гъизилюрт).*

* * *

*ХӀажил Равзатил вас ГӀалица ячуней йиго Закилов ХӀасанил яс Саида. Цадахъаб бертин буго 1 августалда «Олимп» залалда, сагӀат 12-ялда.*

* * *

*ХӀусенов Бадрудинил (Гъуниб) вас Мурадица ячуней йиго Сагитов НурмухӀамадил МухӀамадил яс ПатӀимат. Цадахъаб бертин буго 8 августалда, «Месед» залалда, сагӀат цоялда.*

* * *

*Атрачев ГӀалавдинил вас Шамилица ячуней йиго Ягъанов (Запирил) ГӀабдулагьил яс Аминат. Бертин буго 9 августалда, васасул «Авадан» залалда, ясалъул «Мигрос» залалда (Кизилюрт)*

* * *

*Инусил Илясил вас МухӀамадица ячуней йиго МахӀмуля ХӀасанил АхӀмадил вас МухӀамадил (Имангъазалиева ТӀавусил) яс Эльмира. Бертин буго 15 августалда, васасул сагӀат кӀигоялда (14.00) «Месед» залалда (Ярагского, 93 «а»), ясалъул сагӀат 12-ялда «Кегельбан» залалда.*

* * *

*Закил Якъубил МухӀамадил вас Шамилица ячуней йиго Якъубил ГӀумарил яс ПатӀимат. Бертин буго 16 августалда, васасул «Лайли» залалда (Редукторный поселокалда «Ниагара» залалда аскӀоб) сагӀат 2-ялда, ясалъул «Кунак» залалда («Аризонаялда» нахъа) сагӀат 11-ялда.*

* * *

*ПлахӀов Ибрагьимхалилил вас ГӀабдулагьица ячуней йиго Онкочев ГӀумарил яс ПатӀина. Цадахъаб бертин буго 16 августалда «Месед» залалда (Ярагского-Гагарина, «Хуторок» кафеялдаса дагьаб тӀадегӀан).*

* * *

*Чинтилов ГӀумархӀажиясул МухӀамадица ячуней йиго Чурал ГӀабдулхӀадил МухӀамадил ГӀабдулагьил яс Саида. Цадахъаб бертин буго 19 августалда «Европа» залалда.*

* * *

*МахӀмуля ХӀасанил АхӀмадил Тимурица ячуней йиго Ягъанов (Запирил) ШехахӀмадил яс Сарат. Цадахъаб бертин буго 26 сентябралда, М. ХӀажиевасул заводалъул залалда..*

* * *

*МахӀачил МухӀамадил вас Мусаца ячуней йиго Юсупов Закирил яс Сакинат. Цадахъаб бертин буго 3 октябралда «Месед» залалда.*

* * *

*Мансуров МухӀамадрасулил (ХӀусенов МухӀамадхӀажил яс ПатӀиматил) вас Ризваница ячуней йиго даргиязул яс Саида. Бертин буго 3 октябралда, васасул «Анжи» залалда.*

* * *

*Вагьабов АхӀмадил ХӀамзатица ячуней йиго тумазул яс Зарема. Бертин буго 10 октябралда, васасул «Эльтав» залалда.*

* * *

*Назаров ХӀабибулагьил Назарил вас АхӀмадица ячуней йиго Амиров Маликил яс Марям. Бертин буго 10 октябралда васасул «Для души» залалда сагӀат 15-ялда, ясалъул «Орфей» залалда сагӀат 12-ялда.*

* * *

*Исрапилов ХӀусенил МухӀамадил вас Заурица ячуней йиго АхӀдуханов Мамайил яс ГӀайшат. Бертин буго 11 октябралда, васасул «Авадан» залалда, ясалъул М.ХӀажиевасул заводалъул залалда.*

* * *

*ГӀабдулаев ГӀалил (КъулгӀа) МухӀамадил яс Марина унеӣ йиго ЛъаратӀа районалдаса Баширие. Бертин буго 15 октябралда, ясалъул «Анжи» залалда.*

* * *

*Хазамов ГӀумарил МухӀамадил вас Мурадица ячуней йиго Ашурилаева Хадижат (Рамазанил ва Мизанатил яс). Бертин буго 17 октябралда, васасул сагӀат 15-ялда «Марракеш» залалда.*

* * *

*ТӀинсо Жаватханил вас ТӀинамухӀамадица ячуней йиго МахӀмудов ТӀагьирил (Баркусо) ГӀабдулагьил яс Диана. Бертин буго 25 октябралда, васасул М. ХӀажиевасул цӀаралда бугеб заводалъул залалда, ясалъул «Кавказ» залалда (Акушинскиясул къватӀ).*

* * *

*ХӀабибов Сираждинил вас Арсеница ячуней йиго МухӀамадов (ГӀалил) МухӀамадил (Кизилюрт) яс Заира. Бертин буго 31 октябралда, васасул «Юнтас» залалда, ясалъул - «Астория» залалда (Кизилюрт)*

* * *

*ПатахӀов ГӀабдулагьил вас ХӀажимурадица ячуней йиго КъурахӀов КъурахӀдибирил МухӀамадил яс ПатӀимат. Бертин буго 1 ноябралда васасул «Розовый фламинго», ясалъул «Для души» залалда.*

* * *

*Чураев Загьидил вас МухӀамадица (Дамаданица) ячуней йиго ГӀалигӀумаров ГӀалигӀумарил яс Саида. Бертин буго 7 ноябралда, васасул «Авадан» залалда, ясалъул «Олимп» залалда.*

* * *

*ГӀабашилов Мусал вас Шамилица ячуней йиго ГӀабашилов ГӀабашил яс Джамилят. Цадахъаб бертин буго 8 ноябралда, «Европа» залалда.*

* * *

*Вагьабов АхӀмадил Мусал ГӀабдулагьица (Богатыревка) ячуней йиго Халилов ХӀадисил яс Индира. Цадахъаб бертин буго «Бизон» залалда 14 ноябралда сагӀат 12-ялда.*

* * *

*МухӀучев ХӀажил МухӀамадица ячуней йиго ХӀамидов АхӀмадил ХӀамидил яс Зарема. Бертин буго 15 ноябралда, васасул «Кегельбан» залалда сагӀат 2-ялда, ясалъул «Венеция» залалда сагӀат 12-ялда.*

* * *

*Вагьабов (Муъминтизул) ГӀабдулагьил АхӀмадица (Кяхулай) ячуней йиго ГӀабдухӀалимилазул Зайнудинил яс Индира. Бертин буго 22 ноябралда, васасул «Эльтав» залалда. Яс рокъоса кьолей йиго.*

*Оформление банкетных залов, машин, букеты для невест.*
*Тел.: 8-928-831-76-00. Фатима.*

## БАСРИЯЛ СУРАТАЛ



Ула ГІалил Хадижат, Сурхайил ГІайшат. Нахъа: Жамалова Хадижат (Щитлиб), Улаева (Жамалова) Аминат, Хадижат (Щитлиб)



ГъазилгІалиева ПатІимат, КІичев ГІабдулмажид, ГІабдуразакъова ПатІимат, Хуршилова ПатІимат, Ражабова Аминат.

## Цебеса араб гІелалъул гъурмал



ГІенкъа ГІали (ГІалиев ШагІманхІажиясул эмен)



ГІабдулаев (КъукІар) Хизри



Къебедов МухІамад хъизам ПатІиматгун



Дарбишев Мирзак,
ГІалимусалов (Мусасо) МухІамад.

**Газеталъе подписка къабул гьабулел ва хадурккун гьел щвезарулел бакIал:**

**МахIачхъала:** МАДИ-ГТУ, ОАО «Дагнефть», «Дагэнерго», «Бетон-1», Аптека МФС, Налоговая инспекция Ленинского района, ул. Ушакова (Махадов О.), Роддом №2, Кафе «Асоноб», ГIабашилов Мусал стоматология, Махачкала-1 (Хабибов Али), Гастроном «Сугур», Газета «Новое дело», «Черновик» (колхозалъул мина), Магазин «Сайпудин», Домоуправление №9, Общ. Ремзавод (Энхов ХIажимурад), Салон МТС на Гамидова, Кафе «Гуниб», Инусов Ильяс, Завод «Эльтав», Кафе «Хуторок», Ресторан «Золотой орел».

**Сугъралъ росо:** Энхов Сулейман, Габалова П.М., Ахдуханов Магомед.

**Буйнакск шагьар:** Абдулазизов Магомед, Хваров ХIажимурад.

**Каспийск шагьар:** Бечедов ГIабдулагь.

**8-аб. гьутан:** Гьазичилов Аяз.

**Богатыревка:** Мухучев Абдулманап.

**I–МахIачхъалаялда** - Бахьулов АхIмад

**Нефтяниказул посёлокалда** - Эчилов МахIамад.

**«Эльтав» заводалда аскIоб** - ИсмагIилов НурмухIамадил Хадижат

**Бавтугьаялда** - ХIажил ГIумар.

**Гьизилюрталда** - ХIамзалов Багьавудинил дора.

**Гьуниб** - ПатахIов ПатахI.

**Редакция не всегда разделяет точку зрения авторов. Ответственность за недостоверную информацию несет автор.**

# Бертин гьабизе зал къваригIаразе

Буго киналго шартIалги ругеб, 700 чи гIахьаллъараб бертин парахатго нухда тIамизе рес бугеб зал «Месед» (Гагаринил ва Ярагъиясул къватIазул бокIнидаса гIемер рикIкIад гьечIого, Республикаялъул налогазул инспекциялда аскIоб, мухIканаб адрес - Ярагъиясул къватI 93). Багьа цоги залазда дандеккун буго гIемерго учузаб.

ХIажатас бухьен гьабизе бегьула гьаб телефоналде ахIун:

**8-928-536-98-57 (Инусил Иляс).**

реклама

**КУХНИ И ШКАФЫ-КУПЕ НА ЗАКАЗ**
Энхов Заур
8-903-481-18-13
8-988-273-71-51.
Магазин на мебельном рынке по ул . Ахмедхана Султана (рядом с магазином Ильхан)




**БИЧУЛЕБ БУГО МИНА**
Бичулеб буго Мижгитрагьла бугеб Халилов КъурамухIамадил гIодоса тIаде щвезегIан бугеб мина-къай. Баянал щвела гьаб телефоналде кIалъан:
8-928-534-35-95

**ПРОДАЕТСЯ КИРПИЧ-БУХАНКА**
Качество хорошее. Цены заводские. Для читателей газеты «Сугъралъ» - скидки. Все справки по тел: 8-909-484-80-25 (Али)

# Демографиялъул статистика

**20 маялдаса 20 июналде щвезегIан хвана Сугъралъа 6 чи**

1. Мусасо Ибрагьимил Шамилил хъизам ПатIимат
2. ГIабдулжалилов ГIалил ГIабдулагь
3. КъурахIов МухIамадил хъизам ПатIимат
4. Чураев Маврал хъизам Аминат
5. Дамаданов АхIмадил хъизам Рукъият
6. ХIусенов Багьавдинил хъизам ПатIимат (СулемхIисо).

Мунагьал чураги гьезул.

**Гьабуна 5 бертин**

1. Чинтилов МухIамадил ХIамзатица ЧIарадаса яс Мадина
2. АхIмадов ХIажимухIамадил (КIогьос) ГIалица ячана Гумбеталдаса яс Асият
3. Парабов АхIмадил МухIамадица ячана ПуцIов МухIамадил яс Павус
4. АхIдуханов МухIамадил ГIабдулагьица ячана ГIабдулгIумаров МухIамадил Эльмира
5. ГIабашилов ГIабдулагьил МухIамадил вас МухIамадица ячана ХIамзатов Мурадил яс ПатIимат

Араб моцIалда кIочон тун батана хъвазе: ГIумаров (МахIанасирил) МухIамадхIажиясул вас Шамилица ячана КIогьориса яс ПатIимат.

ГIумру цадахъ инесел ратаги гьел

**Гьабуна лъимер**

1. АхIмасо МухIамадил ГIабдулагьие яс
2. МухIамадов МухIамадил (ГIалил МухIамадил) вас Къадие яс

Цересел моцIаз хъвачIого хутIун батана: ИсмагIилов МухIамадие гьавуна вас, Къасумова (Разуева) ГIайшатие - вас.

Щар халатккун ахIизесел ратаги гьел.

# Лъани зарал гьечIо

Исана Сугъралъ росулъ тIобитIараб подпискаялъул хIасил: «ХIакъикъат» - 75; «Сугъралъ» - 65; «Гьуниб» - 19; «Черновик» - 11; «ЗОЖ» - 10; «Ас-Салам» - 9; «Дагъправда» - 5; «АиФ» - 5; «Молодежь Дагестана» - 5; «Новое дело» - 4, «Пчеловодство» - 9 ва гь.ц.

* * *

Сугъралъ росулъ, Нахарохьобехун бахъулеб рохьдолъе ахIараб гIакдахъ кьезе ккола моцI рикIкIун 150 гьурущ.

Сугъралъ

Учредитель:
Агрофирма «Согратль»
Телефоны для справок:
8-988-266-05-03
8-928-251-23-05
91-45-98
Адрес для писем:
пр. Насрутдинова (Петра I) 61, 6-й этаж)
Адрес электронной почты:
sogr_am@mail.ru
malik_dagestani@yahoo.com
На интернет-сайте:
www.sogratl.net

Газета зарегистрирована Южным окружным управлением Министерства РФ по делам печати, телерадиовещания и средств массовых коммуникаций
Регистрационный номер ПИ № 10-5397

Совет редакторов
Абдулмалик Ахмедилов
Абаш Абашилов

Газета набрана и сверстана на собственной компьютерной базе и отпечатана в ООО «Лотос»
Тираж 650 экз. Заказ №